УЗЭКЪУЭТМЭ — УЛЪЭЩЩ!

1924 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 12 лъандэрэ къыдокI

# Черкес хэку

№16 (13878)

2024 гъэ, гъатхэпэм (мартым) и 7, махуэку

Распространяется по подписке

Газета учреждена Народным Собранием (Парламентом) и Правительством Карачаево-Черкесской Республики
Газетыр къыдэзыгъэкIыр Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэмрэ (Парламентымрэ) Правительствэмрэщ

И уасэр соми 3-щ

Хъуэхъу

**Бзылъхугъэ лъапIэхэ!**

**Ди гум къыбгъэдэкIыу дывохъуэхъу бзылъхугъэхэм я Къэралыбэ Махуэм и щIыхькIэ!**

Гъатхэ махуэщIхэм я пэублэ мы махуэр фэ дунейм къытефхьэ гъащIэщIэм, щIэрэщIэныгъэм, дахагъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ я нагъыщэщ. Къалэн зэхуэмыдэхэр дэзыхь, унагъуэ жьэгур хъума хъунымкIэ, унагъуэм хуабагъэр, гулъытэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ щызыхъумэ, щIэблэр гъэсэнымкIэ, нэгъуэщI куэдымкIи жэуаплыгъэ хэха зыхь бзылъхугъэр игъэлъэпIэнращ мы махуэщIым и купщIэр.

Псэемыблэжыныгъэм, тегушхуэныгъэм, бэшэчагъым, IэщIагъэ зэфIэкI лъагэхэм фэ фарищапхъэщ. Уасэншэщ жылагъуэм и зыужьыныгъэм, Къэрэшей-Черкесым, IуэхущIапIэ, къулыкъущIапIэ, сыт хуэдэ къудамэми фи хэлъхьэныгъэр. Фэ гуащIэдэкI ехъулIэныгъэ лъагэхэм фыхуносыф, жылагъуэ зэщIэхъееныгъэхэм жыджэру фыхэтщ, фыжэрдэмщIакIуэ жанщ. Тевгъэгушхуэу, щыпкъэу факъуэтщ СВО-м щыIэ фи Iыхьлы-гъунэгъу зауэлIхэм. ФIыщIэ фхудощI абы папщIэ!

ПщIэ зыхуэтщI бзылъхугъэхэ! Ди анэ угъурлыхэ, анэшхуэхэ, щхьэгъусэхэ, пхъухэ, шыпхъухэ, лэжьэгъухэ, акъылэгъухэ! Мы махуэщIым ди гум къыбгъэдэкI хъуэхъухэр фхудогъэфащэ: фи щIэдзэныгъэ къэс ехъулIэныгъэ щызыIэрывгъыхьэну, гулъытэрэ дэIэпыкъуныгъэрэ фыщымыщIэну, псалъэкIи IуэхукIи зыкъыфщIагъакъуэу фи Iыхьлы-гъунэгъухэр къыфкъуэтыну! Фи IуэхущIафэ угъурлы псоми папщIэ — ФIыщIэ!

Лъагъуныгъэ, псэ тыншыгъуэ, псэхугъуэрэ унагъуэ берычэтрэ, узыншагъэ, насып, гукъыдэж!

**ТЕМРЕЗОВ Рэшид,**
**Къэрэшей-Черкес Республикэм и Iэтащхьэ**

**ИВАНОВ Александр,**
**КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и тхьэмадэ**

**АРГУН Мурат,**
**КъЧР-м и Правительствэм и тхьэмадэ**

---

**ПщIэ зыхуэсщI ди бзылъхугъэхэ!**

**Фи гъатхэ махуэщIымкIэ — бзылъхугъэхэм я Къэралыбэ МахуэмкIэ, мартым и 8-мкIэ сывохъуэхъу!**

Сыт щыгъуэ зэмани, бзылъхугъэм и фIыгъэкIэ, цIыхухъур нэхъыфI зэрыхъуным хущIокъу, лIыхъужьыгъэ зэрахьэу, мамырыгъэр яхъумэу къокIуэкI.

ФIыщIэрэ пщIэрэ яхузощI ди бзылъхугъэхэм я акъылыфIагъым, яхэлъ шыIэныгъэм, ябгъэдэлъ гуапагъэмрэ гу щабагъэмрэ папщIэ.

Сывохъуэхъу узыншагъэ быдэ фиIэну, фи унагъуэхэм лъагъуныгъэрэ зэIузэпэщыныгъэрэ илъыну! Гъатхэ гукъыдэжым Тхьэм зэи фыщимыгъащIэкIэ!

**КЪЭЗЭНОКЪУЭ Кърым,**
**УФ-м и Федеральнэ ЗэIущIэм ФедерацэмкIэ и Советым Къэрэшей-Черкесым къыбгъэдэкIыу хэт сенатор**




Сурэтым: ПЕКЪУ Алинэ.

Дуней псом нэхъ лъагэ дыдэу тет, мини 8 зи лъагагъ бгы 14-м ящыщу лъагапIэ 11-м дэкIыфа, Урысейм рекорд щызыгъэува адыгэ пщащэ.

Зыхуэгъэзэныгъэ къриклIуэу

### ПУТИН Владимир:

## «Дызыунагъуэшхуэщ!»

**УФ-м и Федеральнэ ЗэIущIэм хабзэ хъуауэ хуигъакIуэ Зыхуэгъэзэныгъэр ди къэралым и Президент Путин Владимир мазаем (февралым) и 29-м ищIащ.**

Путин Владимир абдеж щигъэбелджылащ къэкIуэну илъэсихым зэлэжьыпхъэ Iуэхугъуэхэмрэ къалэн нэхъыщхьэхэмрэ. Абы къызэщIиубыдащ къэралым зэрызиужьыфыну лъэныкъуэ псори.

Зыхуэгъэзэныгъэм IупщIу къыхощ ди къэралым и щытыкIэр мы зэманым зыхуэдэр, дуней псом щиIэ увыпIэр, щIыналъэ унафэщIхэм яхуигъэув къалэнхэр. Псори зыхуэунэтIар сыт и лъэныкъуэкIи ехъулIэныгъэ зэрыдиIэнращ.

Зыхуэгъэзэныгъэр хуэгъэзащ цIыхухэм я щыIэкIэ-псэукIэр нэхъыфI зэрыхъуным. Апхуэдэу, ар тещIыхьащ 2030 гъэ пщIондэ Урысейм псэукIэр щегъэфIэкIуэным, экономикэ шынагъуэншагъэм, социальнэ Iуэхухэм, щIыуэпсыр хъумэным, ухуэныгъэмрэ гъуэгухэмрэ зегъэужьыным. Абы и купщIэщ Президентым къыхигъэща мыпхуэдэ и псалъэхэр: «Дэ гъащIэр къыхыдох. Псори щIэтщIэр цIыхумрэ унагъуэмрэ зыми и жыIэм щIэмыт щIыналъэ хуитым зыхуей щыхуэзэу щыпсэун папщIэщ».

3

Зыужьыныгъэ

## КхъухьлъатэтедзапIэ

Къэрэшей-Черкесым и министрхэр, хэгъуэгум и Правительствэм и тхьэмадэ Аргун Олег щIыгъуу, хэтащ гъэ кIыхьагъым лажьэ «Архъыз» курортыр транспорт IэмалхэмкIэ Iэгъуэ щIыным теухуа зэIущIэм. Ар иригъэкIуэкIащ Урысей Федерацэм экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Назаров Сергей.

Хэплъахэщ Къэрэшей-Черкесым и щIыналъэм транспорт инфраструктурэ проектхэр щыгъэзэщIэным епха упщIэхэм.

КъЧР-м и Правительствэм и тхьэмадэр къытепсэлъыхьащ республикэм щаухуэну кхъухьлъатэтедзапIэм и проектыр зэрызэхалъхьэнур зэрагъэбелджылам.

**Ди корр.**

Унагъуэмрэ динымрэ

**Черкесск къалэм щекIуэкIащ унагъуэм и Илъэсым теухуа, «Крепкая семья — основа здорового общества» зи фIэщыгъэцIэ Iэнэ хъурей зэIущIэ.**

## Къалэн нэхъыщхьэхэр



Абы хэтащ УФ-м и Президентым деж щылажьэ, къэралкIуэцI политикэмкIэ Управленэм дин зэгухьэныгъэхэм зэпыщIэныгъэ ядэIыгъынымкIэ и Департаментым и унафэщI Ерёмин Евгений, УФ-м и президентым и полномочнэ лIыкIуэу СКФО-м щыIэм и дэIэпыкъуэгъу Валиев Айдэмыр, Ищхъэрэ Кавказым щыпсэу муслъымэнхэм я Координационнэ купсэм, КъЧР-м и ДУМ-м я тхьэмадэ, дин зэгухьэныгъэхэм зэпыщIэныгъэ ядэIыгъынымкIэ къэралым и Президентым егъэщIылIа Советым хэт Бердиев хьэжы Исмэхьил, Пятигорскрэ Черкесскрэ я архиепископ Феофилакт, Ищхъэрэ Кавказым и къэрал, дин IуэхущIапIэхэм я лIыкIуэхэр, республикэм и къалэхэмрэ районхэмрэ я администрацэхэм я Iэтащхьэхэр.

КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид къыбгъэдэкIыу «Iэнэ хъурей»-м хэтхэм захуигъэзащ республикэм и Правительствэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Чеккуев Хъызыр.

ЗэIущIэм хэтахэр тепсэлъыхьащ зэманым и зэхъуэкIыныгъэхэм къыдэкIуэу, унагъуэ фIыгъуэхэр, уасэншэ хабзэфIхэр хъума зэрыхъуну Iэмалхэмрэ кIуэрабгъухэмрэ. Къыхагъэщащ апхуэдэ лэжьыгъэшхуэм диным и къалэнхэр зэрымымащIэр. Унагъуэмрэ ислъам динымрэ зэрызэпхам, анагъэмрэ сабиигъуэмрэ, щIэблэщIэм и гъэсэныгъэфIым теухуауэ щытащ къэпсэлъэныгъэ зыбжанэ.

«Iэнэ хъурей»-м и кIэухыу къэпщытэжыныгъэхэр ящIащ, ягъэнэIуащ къалэн нэхъыщхьэхэр.

ЗэIущIэр къызэрагъэпэщащ КъЧР-м и Правительствэмрэ ДУМ-мрэ, Пятигорск къэрал университетымрэ Къэрэшей-Черкес ислъам университетымрэ я дэIэпыкъуныгъэ хэлъу.

**Ди корр.**

«Россия» гъэлъэгъуэныгъэ-форум — ВДНХ

## Ди стендым и хьэщIэхэр

ВДНХ-м къыщызэрагъэпэща «Россия» Къэралыбэ гъэлъэгъуэныгъэ-форумым щекIуэкIащ хыхьэхэкI Iуэхум и Махуэр. Къэрэшей-Черкесым и стендым къыбгъэдыхьэри, еплъащ УФ-м и Правительствэм и тхьэмадэм и япэ къуэдзэ Белоусов Андрей.

Хэгъуэгум и экспозицэм хьэщIэр щагъэгъуэзащ Къэрэшей-Черкесым и Правительствэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Поляков Евгенийрэ Къэрэшей-Черкесым экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Езауэ Артуррэ. Ахэр къытепсэлъыхьащ хыхьэхэкI IэнатIэм, хэгъэщхьэхукIауэ, туризмэм, промышленностым, мэкъумэш хъызмэтым республикэм щызыIэригъыхьа ехъулIэныгъэхэм.

Зэрытрагъэчынащи, 2023 гъэм Къэрэшей-Черкесым и хыхьэхэкI цIыкIумрэ ику итымрэ щылажьэхэм я бжыгъэр процентi 10-кIэ хэхъуащ икIи нэсащ цIыху мин 52-м. ХыхьэхэкI цIыкIумрэ ику итымрэ я предприятэхэри проценти 9-кIэ хэхъуащ, мин 12,9-м нэсащ.

**Ди корр.**

ЩIалэгъуалэ фестиваль

## IуэхуфIхэм я къежьапIэ

КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид:

«Зэчий зыбгъэдэлъ, гупсысэкIэ къызэрымыкIуэ зиIэ, зи мурадым ерыщу хуэкIуэ, хъуэпсапIэ инхэр зиIэ щIалэгъуалэ — фэращ ди къэкIуэнур — дуней псом и къэкIуэнур зэлъытар.

А зэхыхьэ телъыджэм къэрали 190-м къикIа цIыху мин 20 зэхуишэсащ. Ди къэралым и лIыщхьэм и жэрдэмкIэ зэхаша ЩIалэгъуалэ зэхыхьэ иныр, Урысейм къинэмыщIа дэнэт здыщекIуэкIыфынур?!

Шэч хэмылъу, а фестивалым кърихьэлIахэр зэрыцIыху къудеи мыхъуу, щхьэж къызыхэкIа лъэпкъым и щэнхабзэкIэ щызэдэгуэшэнущ, ар зыужьыныгъэм и лъабжьэ, дунейм къыщхьэпэн IуэхуфIхэм къежьапIэ яхуэхъунущ», — щитхащ Темрезов Рэшид и телеграм каналым.

**Зыгъэхьэзырар ЩОМАХУЭ Залинэщ**

Хэхыныгъэм хуэкIуэу

## ЯгъэнэIуа пщэрылъхэм тету



Урысей Федерацэм и Президентыр хэхыным хуагъэнэIуа гъатхэпэм и 15-17 махуэхэм къэнэжа щIагъуэ щыIэкъым. Абы хуэкIуэу лэжьыгъэшхуэ зэфIэха хъуащ, ауэ иджыри зэнагъэсын, зыкIэлъыплъыжын хуей Iуэхухэр хэхыпIэ участкэхэм яIэщ.

Абыхэм теухуауэ, я Iуэхухэр зыIутым дыщегъэгъуазэ Хьэбэз район ТИК-м и пашэ Къумыкъу Ларисэ.

**— «Мобильный избиратель» Iэмал къулейр мы гъэм нэхъыбэу къагъэсэбэп хуэдэщ. Дауэ щыт Хьэбэз районым деж а Iуэхур?**

— ЦIыхур здыщIэтхам пымылъу, хэхыгъуэ махуэм здэщыIэм, здыщыпсэум деж Iэ щиIэтынымкIэ Iэмал хьэлэмэтщ «Мобильный избиратель» Iэмалыр. Мы гъэм щIышылэм и 29-м едгъэжьауэ йокIуэкI «Мобильный избиратель» IэмалымкIэ лъэIу тхылъхэр къэщтэныр. Ар гъатхэпэм и 11-м нэгъунэ зэпымыуэ дгъэкIуэтэну лэжьыгъэщ. Мобильнэ IэмалхэмкIэ Iэ зыIэтыну хуейм къызыхихын иIэщ: и къалэныр щызэфIигъэкIыфынущ МФЦ-м, ТИК-м, «Госуслуги» порталым. Гъатхэпэм и 6-м щегъэжьауэ УИК-хэм дежи апхуэдэ лэжьыгъэр щекIуэкIынущ. Мы пIалъэм ехъулIэу (гъатхэпэм и 4-м) нэрыбгэ 1755-м къагъэсэбэпагъэххэщ «Мобильный избиратель» Iэмалыр икIи я лъэIу тхылъхэр апхуэдэу къатащ.

Ар тыншщ икIи псынщIагъуэщ, хэхакIуэм и зэманыр къыхудэзыгъахуэщ.

4

Ухуэныгъэхэр

## Къуажэм и еджапIэр

Капитальнэ зэгъэзэхуэжыныгъэм и ужь къызэIуахыжащ Прикубан районым хыхьэ Пристань къуажэм и еджапIэр.

ЕджапIэ унэр зыхуей хуагъэзащ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир ищIа пщэрылъым ипкъ иту ягъэлажьэ «Модернизация школьных систем образования» проектым и къэухьхэм иту.

ГуфIэгъуэ дауэдапщэм хэтащ КъЧР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэкIэ и министр Кравченко Иннэ, Прикубан район администрацэм и Iэтащхьэ Семенов Ахъмэт, къуажэдэсхэр.

Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир иджыблагъэ зэрыщигъэгъуэзамкIэ, модернизацэ программэм и къэухьхэм иту, Къэрэшей-Черкесым щызэрагъэзэхуэжагъэххэщ еджапIэ 45-рэ.

**ЗЕКIУЭЛI Хьэмыщэ**

Туризм

## Пасэрей лъэужьхэр

«Пасэрей цивилизацэхэм я лъэужьымирикIуэу» фIэщыгъэцIэм щIэт Къэрэшей-Черкес хэгъуэгу зекIуапIэхэр Лъэпкъ турист лъагъуэу къалъытащ.

Ар хуэунэтIащ республикэм зыгъэпсэхуакIуэ къакIуэхэр абы и тхыдэ Iэужьым нэIуасэ хуэщIыным, Къэрэшей-Черкесым имызакъуэу, Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я зыужьыныгъэм лъабжьэ хуэхъуа пасэрей щэнхабзэр хьэщIэхэм ягъэцIыхуным.

Туристхэм хухаха лъагъуэр зэхэту километр 715-рэ мэхъу. Ар илъэс хъурейкIэ зэрылажьэм и фIыгъэкIэ гъэм и сыт хуэдэ зэманми ущызекIуэну Iэмал щыIэщ.

«Пасэрей цивилизацэхэм я лъэужьым ирикIуэу» лъэпкъ лъагъуэ зекIуапIэр Черкесск къалэм щыщIедзэри Карачаевск къалэм, Учкулан, Архъыз, Али-Бэрдыкъуэ къуажэхэм Хьэбэз пхыкIыу макIуэри, Черкесск къегъэзэж.

**БЕМЫРЗЭ Залинэ**

## УхуэныгъэщIэхэр

Лъэпкъ проектхэр ягъэзащIэкIэрэ, 2024 гъэм социальнэ мыхьэнэ зиIэ IуэхущIапIи 155-рэ яухуэнущ е зэрагъэзэхуэжынущ.

Iуэхум щрипсэлъащ КъЧР-м и Правительствэм и тхьэмадэ Аргун Мурат я пашэу ди республикэм проект лэжьыхэмкIэ щыIэ Советым иригъэкIуэкIа зэIущIэм.

Абы хэлэжьыхьащ КъЧР-м и Правительствэм хэтхэр, къалэхэмрэ районхэмрэ я администрацэхэм я Iэтащхьэхэр.

ЗэIущIэм къыщапщытэжащ 2023 гъэм лъэпкъ проектхэр ди республикэм зэрыщагъэзэщIар, мы илъэсым ящIын хуейхэми ирипсэлъащ.

Апхуэдэу, 2024 гъэм ди хэгъуэгум ухуэныгъи 155-рэ щIэуэ щащIын хуейуэ е зэрагъэзэхуэжыну къапэщылъщ.

Ухуэныгъэхэр зэпха Министерствэхэм я унафэщIхэр нэхъ убгъуауэ къытепсэлъыхьащ проект унэтIыныгъэхэм.

Аргун Мурат проектхэм я унафэщIхэм яхуигъэуващ лэжьыгъэхэр гъэзэщIэныр, абы епха Iуэхугъуэхэр къызэгъэпэщыныр я нэIэм щIагъэтыну. ЯжриIащ ухуэныгъэ-зэгъэзэхуэжыныгъэ лэжьыгъэхэр, Iэмал имыIэу, къыщыгъэлъэгъуа пIалъэм зэфIагъэкIын хуейуэ.

**КъЧР-м и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я пресс-къулыкъу**

Унагъуэм и Илъэсым

# ЛIыщIыгъуэ ныкъуэ — гъуазджэм

**Илъэс 50-м зэрынохьэс Лъыс зэшыпхъухэу Iэсятрэ Iэминатрэ Даур Аслъэн и цIэр зезыхьэ щэнхабзэмрэ гъуазджэхэмрэкIэ Къэрэшей-Черкес республикэ колледжым зэрыщылажьэрэ.**

**Апхуэдиз хъуауэ, илъэс къэси студент бжыгъэ щIагъэкI, езы зэшыпхъухэм хуэдэу колледжым щылэжьэну къэнэжхэри къахокI.**

**Апхуэдэу, 1970 гъэхэм икухэм зэшыпхъухэм я гуащIэдэкI гъуэгур колледжым щрашэжьащ. Абы лъандэрэ сыт щыгъуи я щапхъэу къадекIуэкIащ Урысейм, КъБР-м, КъЧР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я IуэхущIэ Даур Аслъэн Алий и къуэр.**

Мы бзылъхугъитIыр зыпэрыт IэщIагъэм къызэрымыкIуэу хуэIэижьщ. Абы къинэмыщIауэ, цIыхугъэшхуэ яхэлъщ, гукIи-псэкIи къабзэхэщ, зэгуэр нэIуасэ зыхуэхъуаи, я лэжьэгъуи, ныбжьэгъуи я угъурлыгъэрэ гуапагъэрэкIэ къахьэху. ЦIыху гъащIэ мелуанхэр зыхьа Хэку зауэшхуэр иухри, илъэс текIауэ Хьэбэз къуажэм къыщыхъуащ Лъысхэ япхъу Iэминатрэ Iэсятрэ. ЗэтIолъхуэныкъуэхэр къэхъуным мазэ зыбжанэ иIэжу я адэ тхьэмыщкIэр дунейм ехыжауэ щытащ. Сабиитху къызыхуэна анэр щIэныгъэкIэ мыкъулей дыдэми, бын пIынкIэ къызыхуэтыншэ адыгэ бзылъхугъэ нэст. Ибг щIикъузэри бынитхури къиIэтащ, дэтхэнэми щIэныгъэ яригъэгъуэтащ, я лъэ быдэу тригъэуващ. Бынри къызэщIэуващ анэкIэ гумахэу, зэхэщIыкIышхуэ яIэу, сыткIи зыщIагъэкъуэнымрэ и гур яхъумэнымрэ хуэпабгъэу, анэ-адэм яхуэфащэу псэуныр я гъуазэу. Сыт хуэдэ гугъуехь унагъуэр хэмытами, я унэм щIэкIакъым уэрэдыр, макъамэр. «ЛIыхъужь» нэхъыщхьэр пшынэ Iэпэ пщыкIутI цIыкIурат. Япэ щIыкIэ шыпхъу нэхъыжь Зое, абы кIэлъыкIуэу нэхъыщIэхэм — Iэсятрэ Iэминатрэ — пшынэм еуэу зрагъэсащ. Тхьэм иреща, апщыгъуэм зэшыпхъу нэхъыщIэхэм гъуазджэр я IэщIагъэ, я гъащIэ хъуну иджыри егупсыстэкъым. Анэр зыуи пщащэхэм пэрыуэгъу яхуэхъутэкъым я зэчийм зрагъэужьынымкIэ, пионерхэм я Унэм щылажьэ кружокхэм игъакIуэт, дзыхьышхуэ яхуищIу.

— Ди анэм апхуэдизымкIэ дзыхь къытхуищIти, ар дымыгъэпэжыжыныр, дыущхьэкIуныр ауэми ди щхьэм къихьэтэкъым, — ягу къагъэкIыж зэшыпхъухэм.

Анэм и щIэгъэкъуэнт, нэхъыбэрэ и дэIэпыкъуэгъу хъут нэхъыжьхэр, нэхъыщIэхэми я ущиякIуэт, я чэнджэщэгъут шыпхъу нэхъыжьхэмрэ дэлъхумрэ. ЗэтIолъхуэныкъуэхэр къэхъут сабий жан, губзыгъэ цIыкIухэу. БалигъыпIэ ныбжьым щынэсахэм хьэкъыу ядэплъагъут гъуазджэм хуаIэ фIылъагъуныгъэмрэ зэчиймрэ. Iэминатрэ Iэсятрэ нобэр къыздэсым ящыгъупщэкъым япэ дыдэу утыкум щыжаIа уэрэдыр: «Здравствуй, гостья зима»-р.

Зэгуэр зэшыпхъухэр стадионым кIуат. Апщыгъуэм е 7-нэ классым щеджэхэт. Стадионым футболымкIэ зэхьэзэхуэ щекIуэкIт. Лъыс зэшыпхъухэри яхэту пщащэ гуп лъэныкъуэкIэ щытт, дзапэ уэрэд тIэкIуи жаIэу. Абы хэту Даур Аслъэн къабгъэдохьэри къажреIэ: «Пщащэхэ, уэрэд жыфIэну фыхуей? Фыарэзымэ, пщэдей клубым фынекIуалIэ». АтIэ, а зэманым Даур Аслъэн Ставрополь музыкальнэ училищэм щеджэт, «Инжыдж» ансамблым и унафэщIт. Япэхуным клубым нэрыбгэ 18 хэтт, иужьым хэкIыжмэ пыхужурэ къэнэжар мащIэщ. ЖыIэпхъэщи, республикэ радиом и фонотекэм нобэр къыздэсым щахъумэ «Инжыдж»-м хэта пщащэхэм я макъ дахэхэмкIэ ягъэзащIэу щыта уэрэдхэр. ГъэщIэгъуэнракъэ, зэшыпхъухэм хьэлэмэту зэдахьт еджэн, «Инжыдж», «Iэдииху» ансамблитIми уэрэд щыжыIэн, къыщыфэн Iуэхухэр. Къуажэ еджапIэ нэужьым зэшыпхъухэм гъуазджэ щIэныгъэ зэгъэгъуэтыным зэрытрагъэчынар гурыIуэгъуэ хъуащ, езыхэр куэд щIауэ абы зэрыдихьэхым къыхэкIыу. Арами, пщащэхэм къыхаха IэщIагъэм куэдкIэ щхьэпащ Даур Аслъэн. Аращ ахэр Шэткъалэ (Ставрополь) зышэу музыкальнэ училищэм щIэзыгъэхьар. Экзаменхэр ята щхьэкIэ, пщащэхэр абдеж къэнакъым. Унагъуэр хуэкъулей дыдэтэкъым къалэ жыжьэм нэрыбгитI щригъэджэну. Абы къыхэкIыу, къагъэзэжри, Черкесск къалэм дэт гъуазджэхэмкIэ еджапIэм щIыхьащ. Абы щеджа илъэсхэм ныбжьыщIэхэм нэхъри хьэкъыу зыхащIащ ятегъэпсыхьа IэщIагъэ къызэрыхахар, гъуазджэм, щэнхабзэм хуаIэ фIылъагъуныгъэри нэхъри зэщIэрыуащ. АбыкIэ дэIэпыкъуэгъушхуэ къахуэхъуащ училищэм и егъэджакIуэ цIэрыIуэхэр: Байрамуковэ Фаинэ Иосифовнэ, Барболинэ Ольгэ Михайловнэ сымэ. «Ольгэ Михайловнэ зэрыдиегъэджакIуэм къинэмыщIауэ, анэ пэлъыту диIащ, и лъагъуныгъи, и гу хуабагъи, гуапагъи къыдихьэлIэу, дыкъихъумэу. Ар сыт щыгъуи щIэгъэкъуэни дэIэпыкъуэгъуи къызэрытхуэхъунур зыхыдигъащIэт», — фIыщIэ псалъэхэр зэдыжаIэ зэшыпхъухэм.

Училищэ нэужьым зэшыпхъухэм я гъуазджэ щIэныгъэм щыпащащ Ростов къэрал гъуазджэ-егъэджакIуэ институтым (иджы консерваторэм). Абдежми егъэджакIуэкIэ ехъулIащ ахэр, консерваторэм нэсыхункIэ мы IуэхущIапIэм и псыпэм щыта Шипулин В. и нэIэм щIэхуэри. И пэжыпIэкIэ, адыгэ пщащитIым я хьэл-щэн зэтеубыдам, я нэмысым ятхьэкъуат къэзыцIыхуахэри, я еджэгъухэри, езыгъаджэхэри. Абы и зы щапхъэ: зэгуэр я анэм къыIэрыхьащ консерваторэм и ректорым къыбгъэдэкIа телеграммэ. Емыджэф бзылъхугъэм телеграммэр и къуэм фIигъэпщкIуащ, «хэт ищIэрэ абы итыр» жыхуиIэу. Иужьым, я Iыхьлы пщащэр къахуэкIуауэ, телеграммэм къахуеджащ. Абы итт анэм къыхуащI фIыщIэ псалъэхэр, ипхъухэм ятеухуа хъуэхъу псалъэ хуабэхэр. Телеграммэм итыр иджы къызыгурыIуа анэм ар и паспортым дилъхьэри ихъумащ налкъутналмэсу. Анэм а тхылъымпIэ такъырыр и гъащIэ псом къызэрыщIыгъуар зэшыпхъухэм къыщацIыхуар ар дунейм ехыжа нэужьщ.

1974 гъэм Iэсятрэ Iэминатрэ къэухащ Ростов къэрал консерваторэм и дирижёр-хоровой къудамэр. А гъэ дыдэм, шыщхьэIум и 16-м щIадзауэ нобэр къыздэсым щолажьэ Даур Аслъэн и цIэр зезыхьэ колледжым. Дэтхэнэми мы колледжым къыщIигъэкIащ студент 70-м зэрынэхьэс. Абыхэм я щIэныгъэхэм щыпащащ ищхьэ еджапIэхэм, ехъулIэныгъэфIхэмкIэ я цIэр ягъэIуащ.

Зэшыпхъухэм я гуащIэдэкI ехъулIэныгъэхэм я джэрпэджэжщ елIалIэу яхъумэ я щIыхь тхылъ бжыгъэншэхэр. Ауэ, сыт хуэдэ лъагапIэ нэмысами, илъэс дапщэ темыкIыжами, зэгуэрми зыщагъэгъупщэкъым зи фIыщIэшхуэ ябгъэдэлъ, я зэчийр къахэзылъагъукIа Даур Аслъэн.

Къинэмыщ1ауэ, Iэсятрэ Iэминатрэ иропагэ, ирогушхуэ фIыр, дахагъэр, макъамэр цIыхубэм зэрыхахьэм, тыгъэ хуащIынымкIэ лъэкIыныгъэ зэраIэм икIи я зы махуи арыншэу я нэгу къахущIэгъыхьэкъым.





**НАРТОКЪУЭ СулътIан**



ЦIыхубзэр дунейм и дахэщ,
ЦIыхубзэр дунейм и мазэщ.
Фызыр – гъащIэм и гукъыщIщ,
Анэр дунейм и жьэгущ.
ЛIым зыдигъэлъагъэ тхьэмыщ,
Я лъагъуэжьым ди лъакъуэр щIокъуэжыр...

*АГЪНОКЪУЭ Лашэ*



# Унагъуэ насыпыр ипэ изыгъэщ

**Бзылъхугъэм, анэм и насыпыр зыхилъагъуэр и бынхэращ, и унагъуэращ. Жьэгу узыншэ, гукъеуэншэ зыухуэфа бзылъхугъэм гъащIэм къыхуигъэув пщэрылъ нэхъыщхьэр игъэзэщIауэ плъытэ хъунущ. Апхуэдэ бзылъхугъэхэм, анэ насыпыфIэхэм захелъытэ Жьакуэ къуажэм щыщ, Хьэщкъуейхэ я нысэ Ритэ.**

Мы бзылъхугъэр и унагъуэм щытепсэлъыхькIэ, унэ жьэгумрэ бынымрэ гъащIэм щаубыд лъапIагъэм нэхъ ищхьэ зыри зэримыгъакIуэр гурыIуэгъуэ пщещI.

Ритэ Инжыдж КIыкIун къуажэм Тхьэгъэлэджхэ Владимиррэ Дахэнагъуэрэ я унагъуэм къыщыхъуащ. Езым къыдалъхуауэ зы дэлъху закъуэ фIэкI зэримыIэм къыхэкIыу, унагъуэшхуэхэм, быныбэхэм сыт щыгъуи яхъуапсэт. И гум щигъафIэт, унагъуэ ищIэмэ, бынунагъуэшхуэм хэхуэну зэрыхуейр

ГъащIэр къыхуэупсауэ къыщIэкIынти, и насып къихьащ щIалитIрэ хъыджэбзищрэ къызэрыхъухьа адыгэ унагъуэ зэпIэзэрытым яхыхьэну.

— Унагъуэм сакъыщыхыхьа пIалъэм щыщIэдзауэ, пщыжь схуэхъуар зэи нысэкIэ къызэджакъым. И хъыджэбзищым сахуигъадэу, сыт и лъэныкъуэкIи чэджэщэгъуи, щIэгъэкъуэни къысхуэхъуу къыскъуэуващ. Унагъуэм ди нэхъыжьым зэриухуэу, унэ - пщIантIэ Iуэхухэр, лэжьыгъэр унагъуэм щIэсым зэгъусэу зэдыдощIэ. Ирехъу ар нэхъ мыхьэнэншэ лэжьыгъэ гуэру щытми. Абы псори дызэрепх, дызэпещIэ, — къыддогуашэ Ритэ.

Унагъуэм я нэхъыжь, дадэ Iумахуэ Мухьэрбэч и бын цIыкIухэм ятеубгъуауэ, и чэнджэщ Iущхэмрэ, гъэсэныгъэ Iэмалхэмрэ щIепIыкI. Игъуэнэмысу дунейм ехыжа и щхьэгъусэ Лолэрэ абырэ зэдапIащ бынитху, абыхэм къащIэхъуэжащ къуэрылъху-пхъурылъху 13. Нобэ пщIэрэ фIылъагъуныгъэмрэ къебэкIыу, жьыщхьэ махуэу жьантIэм дэсщ Хьэщкъуейхэ я унагъуэм я нэхъыжьыфIыр.

— Ди унагъуэм нэхъыжьым пщIэ хуащIу, нэхъыщIэхэм езыхэм ящIапхъэр яцIыхужу дыщытщ, папэ и жыIэм, и унафэм псори дыщIэтщ. Сабийхэм яжызоIэ зэпыт: «Дадэ-нанэ зиIэм я насыпщ!» Си фIэщ мэхъу нэхъыжь зыщIэс унагъуэхэм я сабийхэр нэхъ гъэсауэ, IэдэбыфIэу къызэрытэджыр. Ди сабийхэм насыпышхуэу дадэ къащхьэщытщ. Хъунури-мыхъунури, тэрэзри мытэрэзри абы къажреIэ, щытыкIэ, зыIыгъыкIэ узыншэм хуеунэтI, — къыддогуашэ бзылъхугъэр.

Ритэ къыхегъэщ къызэдалъхуахэр хуабжьу зэрызэрыIыгъыр, хэт и гуфIэгъуэри, и гукъеуэри щхьэхуэу зэрыщымытыр, ар псоми зэрызэдаIэтыр. ЗэщхьэгъуситIри зыхущIэкъур я бынхэм апхуэдэ зэхущытыкIэфIрэ фIылъагъуныгъэрэ я зэхуаку дэлъу къагъэтэджынращ.

Ритэ медицинэ IэщIагъэм хуеджащ, Жьакуэ къуажэ еджапIэм медсестрауэ илъэс бжыгъэ хъуауэ щолажьэ. И лэжьыгъэкIи, и Iуэху бгъэдыхьэкIэкIи зыхэт гупым пщIэ къыщыхуащI, и щэн зэтеубыдамкIэ цIыхухэр къэзыхьэху бзылъхугъэ гуакIуэщ.

Зэщхьэгъусэхэу Муратрэ Ритэрэ быниплI зэдагъуэтащ — щIалищрэ зы хъыджэбз цIыкIурэ — Марат, Щэмил, Алим, Аринэ сымэ. Уи гур хохъуэ псэр зыгъэгуфIэ мы унагъуэм я сурэтым ущеплъкIэ! ГуфIэгъуэри, гъащIэм зыпэщIигъэхуа гугъуехь хьэлъэхэри унагъуэм зэпIэзэрыту къызэранэкI, полъэщхэ.

ГугъапIэ дахэхэм хуэпабгъэу, хабзэмрэ адыгагъэмрэ я Iэпэгъуу, Хьэщкъуейхэ я къуэпсыщIэр нэхъыжьхэм я жьауэм къыщIотэджыкI. Тхьэм я бынхэм я хъер яригъэлъагъу!

**АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ**

# БыныфIэ — насыпыфIэ



ФIыуэ зэхущытынымрэ зэрылъагъунымрэ лъабжьэ яхуэхъуауэ къогъуэгурыкIуэ Къардэнхэ Азэмэтрэ Хьэуэрэ я бынунагъуэшхуэр. Абыхэм быних зэдапI. 2018 гъэм «Материнская слава» республикэ щIыхь нагъыщэр Хьэуэ къыхуагъэфэщауэ щытащ. Илъэс 20 хъуащ зэщхьэгъусэхэр зэрызэдэпсэури, лъэпкъкIэ къызыхэкIахэр зэхуэмыдэми, бзэкIэ зэтемыхуэми, абыхэм ялъэкIащ унагъуэ куэдым яхуримыкъу зэгурыIуэныгъэр зэдахъумэн.

Унагъуэм и тхьэмадэ Азэмэт Куэш-Хьэблэ къуажэм щыщщ, и щхьэгъусэ Хьэуэ Шэшэн республикэм хыхьэ Гойты къуажэм къыдэкIащ. Ахэр щызэрихьэлIащ Нижневартовск къалэм. НыбжьыщIэхэр а щIыналъэм щылажьэт. Я дуней еплъыкIэр зэрызэхуэдэр, я гупсысэкIэр зэрызэтехуэр щызэхащIэм, мурад ящIащ зы защIыну.

— Сэ сытегушхуа щхьэкIэ, ди деж ар къыздащтатэкъым, икIи арэзытэкъым нэгъуэщI лъэпкъым къыхэкIа сыдэкIуэну. Уеблэмэ дызэрыша нэужьи, сипхъу ещанэр къэхъуу, ар илъэси 8 ирикъуху ди деж сыдагъэхьакъым, си анэри къызэпсэлъакъым. ЛIэныгъэ къэхъуауэ апщыгъуэм сыкIуа хъуащ, мыхъумэ. Ди дежкIэ нэхъ ткIийщ абы и лъэныкъуэкIэ, — игу къегъэкIыж Хьэуэ унагъуэ щызэдащIа зэманхэр.

Пщащэри нэгъуэщI хэгъуэгу, нэгъуэщI лъэпкъ щыщ щхьэгъусэ зэрищIам ипэхуным игъэгужьейт. Ар гугъэт хьэгъуэлIыгъуэ нэужьым, СыбырымкIэ яунэтIыжыну. Абдеж абы хьэрычэт мыин къыщызэригъэпэщауэ, и Iуэхури тыншу игъэкIуатэт. Зэригугъауи ягъэзэжат. Сабий нэхъыжьыр къыщыхъум, ар унагъуэм ирагъэлъагъуну Куэш-Хьэблэ къэкIуэжауэ щытащ, ягъэзэжын мурадри яIэу. Ауэ, Азэмэт къызыдэхъухьа къуажэм къэнэжмэ нэхъыфIу къилъытащ, и щхьэгъусэри абы еувалIэри, ди хэгъуэгум зыщагъэбыдащ.

Азэмэт и сабиигъуэр здыщигъэкIуа къуажэр игу пыкIынт?! Губгъуэ хуитхэм, мэз щхъуантIэхэм, хьэуа къабзэм зыщызмыгъэнщIхэм ящыщщ ар. НэгъуэщI зы лъагъуныгъэ гуащIи иIэщ абы — зэрыцIыкIурэ шыхэр фIыщэу елъагъу икIи зэрехуэ. Псом хуэмыдэу адыгэшыр хъумэным пыщIащи, и «псэр абы хэлъщ» жыхуаIэм хуэдэщ. Ди хэгъуэгум шууей Хасэр щызэхэшэныр зипкъ къикIар аращ. Гуп зэрыубыдари адыгэшым зегъэужьыжыным, ар хъумэным, гъэбэгъуэным ехьэлIа Iуэху зэхуэмыдэхэм йолэжь, а Iуэхур ягъэкIуатэ. Абыхэм яшхэр зэдэжэхэм, гъэлъэгъуэныгъэхэм, зекIуэхэм жыджэру хэтщ. НобэкIэ и лэжьыгъэкIэ зэрыхущIэмыхьэм къыхэкIыу, а Iуэхур нэхъ щIалэхэм къахуигъэнащ. Арами, шы зехуэныр абы и гъащIэм хэпх мыхъун Iуэхущ.

— Шыр фIыуэ лъагъуныр, абы кIэлъыплъыныр адыгэм и лъым хэту зэрыщытым шэч къытесхьэкъым. ДызэрыщIыкIу лъандэрэ ди унагъуэм адыгэш диIэщ. Ди адэм шыплIэм дыдигъэтIысхьэурэ дригъэсащ. Мы псэущхьэ Iущым зэ удихьэхмэ, абы уи гъащIэ псом упыщIа хъунущ. ЩIыуэпсым и дауш макъым, бзу цIыкIухэм бзэрабзэу кърашу уэрэдым ущIэдэIуу, укъэзыухъуреихь дунейм и дахагъыр зыхэпщIэу, адыгэш утесу губгъуэм уилъэдэныр сыт и уасэ! — жеIэ Азэмэт, икIи мыувыIэу шым къыпхутепсэлъыхьыну хьэзырщ...

Хьэуэ сыт щыгъуи щэн-къэщэхуныр къыдэхъуу къогъуэгурыкIуэ. БыныфIэ хъуа унэгуащэм, унагъуэм деж Iуэхур щикуэдми, езым къыдэхъу лэжьыгъэм къуажэм щыпищэжауэ, и щхьэгъусэм абыкIэ щIэгъэкъуэн хуохъу.

Унагъуэм и быдагъымрэ дахагъымрэ къызэралъытэр бынращ. Къардэнхэ я унагъуэр быныфIэ хъуащ — ипэм зэдагъуэта пхъуитхум иджы дыдэ къахэхъуащ куэд щIауэ унагъуэр зыщIэхъуэпс щIалэ кIасэ цIыкIури.

— Сыщысабийм, таурыхъхэм сыщеджэкIэ, зэшыпхъу куэдым зы дэлъху яIэу сыщрихьэлIэкIэ, абы сехъуапсэт. Апхуэдэ унагъуэу ущытыныр сфIэгухэхъуэт. УзыщIэхъуэпсыр Алыхьышхуэм къыует жыхуаIэраща, си хъуэпсапIэр нахуэ схуэхъуащ, — жеIэ Азэмэт.

Зэшыпхъухэм я дэлъху нэхъыщIэ цIыкIур Iэтауэ кърахьэкI, ягъафIэ, я гулъытэм щагъащIэкъым. Пщащэхэри ябгъэдэлъ гъэсэныгъэмкIэ, яхэлъ щэныфIагъымкIэ щапхъэ зытрахщ.

Зэшыпхъухэр зыдихьэх IуэхухэмкIи зэщхькъым. Я нэхъыжь Алинэ пщэфIэныр фIыуэ елъагъу, абыкIи щIэныгъэ зрегъэгъуэт. Ар къиухмэ, медицинэ IэщIагъэм хуеджэну, абыкIэ ищхьэ щIэныгъэ зригъэгъуэтыну и мурадщ. Къинэмыщ1ауэ, пщащэр лъэпкъ къафэхэм дехьэх икIи илъэс 11-кIэ адыгэ къафэм хэтащ.

Ангелинэ е 9-нэ классыр къиуха нэужь, колледжым щIыхьауэ, юрист IэщIагъэм хуоджэ. Раянэ эколог IэщIагъэр къыхихащ. Пщащэр спортым дехьэх, тхэквондо бэнэкIэм зыхуигъэсащ, мы спорт лIэужьыгъуэмкIэ Урысейм и сборнэм хэтащ.

Аминэ е 4-нэ классым щоджэ, дэнбзэныр фIыуэ елъагъу. ФатIимэт е 1-нэ классым щоджэ, сурэт щIыныр и щIасэщ.

Мухьэммэд цIыкIу унагъуэм я гурыфIыгъуэщ, я гъэфIэн цIыкIущ.

Унагъуэшхуэу упсэуныр мытыншу, ар яхуэмыгъэкъаруууну куэдым къащохъу. Ауэ, мы унагъуэм ар насыпышхуэу къалъытэ. Апхуэдэу зэрыщытыр абыхэм нэхъри зыхащIэ псори зэхуэсыжу пщыхьэщхьэм щызэхэтIысхьэм деж. Унэм уэршэр, гуфIэгъуэ макъыр щIэз мэхъуж, махуэ псор зэрагъэкIуар зэхуаIуатэ, зэдоджэгу... Аракъэ унагъуэ насыпыр?! Зыр зым дэIэпыкъужу, зэрыIыгъыу, зэгурыIуэу къызэдогъуэгурыкIуэхэ. Нэхъыжьым пщIэ здыхуащI, лъэпкъ хабзэхэр здызэрахьэ, фIылъагъуныгъэр здэтепщэ унагъуэ дахэщ.

— Унагъуэ ущыхъукIэ, Iэмал имыIэу, гугъуехьи упэщIохуэ, уи Iуэху еплъыкIэ щызэхуэмыдэ къохъу. УзэшхыдэкIэ, узэпэувкIэ зыри къэпхьынукъым. ЗэхуэбгъэкIуэтэфу щытын хуейщ, — къыщIагъуж зэщхьэгъусэхэм.

**БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ**




Хъуэхъу

*Фи гу хуабагъыр, псэ IэфIагъыр, фIылъагъуныгъэу фигухэр зыгъэдахэр, фызыбгъэдэт IэнатIэхэм бгъэдэфлъхьэ IэпщIэлъапщIа-гъыр, губзыгъагъыр къыхэзгъэщу сывохъуэхъу гъатхэпэм и 8-р зыгъэлъапIэ дэтхэнэми, Прикубан районым и Къэрал автоинспекцэм и лэжьакIуэ гуапэхэм!*

*Насып зыхэфлъагъуэр къывэбэкIыу, фигухэр тыншу, гукъеуэншэу, фIыуэ фызылъагъухэр къывэпщIэкIауэ фигъэпсэу! Гъатхэ махуэщIым и хуабагъыр илъэс псом къыфщхьэщигъэт!*

*ПщIэ зыхуэтщI, автомобиль къезыхуэкI ди бзылъхугъэхэ! Зыщывмыгъэгъупщэ ПДД хабзэхэм фытекI зэрымыхъунур, гулъытэ зыхэвгъэлъ, набдзэгубдзаплъэу фыщыт, зэжьэхэуэныгъэ фыхимыгъахуэкIэ!*

**ДЖАТЭЖЬ Зэмрэт,**
**Прикубан ОГИБДД-м и унафэщI,**
**полицэм и подполковник**

ДифI догъэльапIэ

# ГъащIэм щриплъэж пIалъэ

Агъэржэнокъуэ Мухьэдин 1949 гъэм гъатхэпэ (март) мазэм и 8-м Адыгэ-Хьэблэ къуажэм къыщыхъуащ. ИужькIэ сабиих — щIалищрэ пщащищрэ хъу унагъуэшхуэр Беслъэней куэшыжащ.

Агъэржэнокъуэхэ абдежым унэ щащIри щетIысэхащ. Мухьэдин Беслъэней къыщиухыжащ курыт еджапIэри. Къулыкъум щыIащ и къуэш нэхъыщIэ Даут щIыгъуу, тIури зы дзэ пакIэм хэтащ. Езы Мухьэдин къыхихащ электрик IэщIагъэр, и къуэшым - ухуэныгъэр. Зытриубыдэну IэщIагъэр тригъэчынагъэххэу къулыкъум къикIыжат. КъызэрыкIуэжуи щIыхьащ Ставрополь политехническэ институтым и къудамэу Черкесск къалэм дэтым. Энергетикэ IуэхумкIэ ищхьэ щIэныгъэ иIэщ. Щылэжьащ «Гидропневмонормаль» заводым. Цехым и унафэщI IэнатIэми пэрытащ. Иджы электрикыу Черкесск къалэм дэт онкологическэ диспансерым щолажьэ.

И гуащIэдэкI лэжьыгъэр гулъытэншэ хъуакъым. Къыхуагъэфэщащ абы Урысей Федерацэм энергетикэмкIэ и министрым къыбгъэдэкIа ЩIыхь тхылъ, Къэрэшей-Черкесым энергетикэмкIэ и Министерствэм и фIыщIэ тхылъхэр.

**— Мухьэдин, уи адэ-анэм, уи бынхэм я гугъу къытхуэщI...**

— Си адэ Алий Хэку зауэшхуэм и ветеранщ, зауэ гъуэгуанэр и кIэм нэс икIуащ, абы къикIыжа нэужь шофер IэщIагъэр къыхихри, и гъащIэ псом рулым кIэрысащ. Зауэ нэужьым а IэщIагъэм япэу ирилэжьа си къуажэгъухэм ящыщщ.

Си анэ Розэ Къамбийхэ япхъущ, еджапIэм классиблыр къыщиуха нэужь, пщафIэу щылэжьащ Беслъэней участковэ сымаджэщым.

Си къуэри IэщIагъэ иIэу мэпсэу, си пхъум Псыхуабэ (Пятигорск) хамэ къэралыбзэхэр здыщадж институтыр къиухащ, нэгъуэщI къэралыр и хэщIапIэщ. Бын, я унагъуэ яIэжщ.

**— Мухьэдин, илъэс 75-р гъащIэр къыщапщытэж, къакIуа гъуэгум щриплъэж пIалъэщ. ПхуэзэфIэкIауэ сыт къэплъытэрэ, узэплъэкIыжмэ, сыт плъагъурэ?**

— Сызэрыщыгугъам хуэдэу псори къыщIэкIащ: си IэщIагъэр фIыуэ слъагъуу, тегъэчынауэ сыбгъэдыхьэу сылэжьащ. Ноби абы сролажьэ. ГъащIэм деж IэнатIэ уиIэн хуейщ, абы и лъэныкъуэкIэ сехъулIащ. Си гъащIэ ехъулIэныгъэхэм ящыщщ си къуэри си лъэужьым зэрырикIуар, абыи къыхихащ электрик IэщIагъэр.

**— Къытебгъэзэу уи гъащIэр къэбгъэщIэжыну лъэкIыныгъэ къыуатамэ, зыгуэр зэпхъуэкIыжынт?**

— Хьэуэ, зыри зэсхъуэкIыжынтэкъым. Сэ псомкIи сыарэзыщ. Гугъу сехьами, ар Iуэхукъым, гъащIэ дахэ Алыхьым къызитауэ къысщохъу.

**— Бзылъхугъэхэм я Махуэм укъызэрыхъуам зыгуэркIэ уигъэтыншрэ хьэмэрэ гугъуехь лей ухидзэрэ?**

— Ар жыпIэну езыр дыхьэшхэнщ. Си классэгъухэм ауан сыкъащIт. Къулыкъум сыщраджэми апхуэдэ къабзэт, Хьэбэз деж комиссым хэт къулыкъущIэм гушыIэу къыскъуидзат: «Бзылъхугъэ щэн гуэрхэр пхэмылъу пIэрэ?» жиIэри. Псори игъэдыхьэшхат. Сэри си анэм сыгушыIэурэ сехъурджауэт: «ТIэкIу уепэсауэрэ гъатхэпэм и 7-м, е зыпIэжьэрэ, гъатхэпэм и 9-м дунейм сыкъытебгъыхьэтэкъэ...»

**— Мухьэдин, «Черкес хэкур» илъэси 100 щрикъум ехъулIэу, ди щIэджыкIакIуэхэм сыт хуэдэ псалъэхэмкIэ захуэбгъэзэнт?**

— «Черкес хэку» адыгэ газетым ди блэкIари, ди къэкIуэнури зыхуэдэр дегъэлъагъу. Абы адыгэ псоми Iэпэ щIадзын хуейщ. ЩIэдзыпщIэр апхуэдэу инкъым, усэ нэхъыщхьэ зиIэр газетым къытехуэ тхыгъэ купщIафIэхэращ. Гу лъыстэну сыхуейт: Абидокъуэ Люсанэ газетым и редактор нэхъыщхьэу зэрытехьэрэ, ар сыт и лъэныкъуэкIи ефIэкIуащ. Тхыгъэ хьэлэмэтхэр, сурэтхэр нэхъыбэу къытехуэ хъуащ. Хуабжьу сигу ирохь архивым къыхахыж сурэтхэр.

Сывохъуэхъу дяпэкIэ фи Iуэхухэр нэхъыфIыжу зэкIэлъыкIуэну. Гуп узыншэ Тхьэм фищI!

**— Тхьэр арэзы къыпхухъу! Дэри дыхуейщ уи махуэщIымкIэ дынохъуэхъуну! Гукъыдэж уиIэу, уузыншэу гъащIэм гу щыпхуэну Тхьэм жиIэ!**

**ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ**



И цIыкIущхьэ лъандэрэ абы далъагъут сценэм епха IэщIагъэхэм игу зэрыкIэрыпщIэр, фIэфIт урысыбзэкIэ, къэзахъыбзэкIэ дунейм къытехьэ уэрэдыщIэхэр зригъэщIэну икIи, игу ириубыдамкIэ и унагъуэм ядэгуашэмэ фIэфIу, уэрэджыIэхэм зэрызапищIыжыфыр яригъэлъагъут.

Езым зэрыжиIэжымкIэ, хамэ къэралхэм къыщыдэкI кинохэр фIыуэ зэрилъэгъуам къыхэкIкIэ, театрымкIэ, музыкэмрэ кинематографиемкIэ Ленинград дэт къэрал институтым щIыхьэн хуей щыхъум, индие актёр щэджащэ Капур Радж и уэрэдхэр игъэзэщIэну и пщэ къыщыдалъхьам, ауи Iэнкун хъуакъым.

Институтыр 1962 гъэм къиуха нэужь, Борис театр IэщIагъэм куууэ зрет. Абы куэд зэрылъэкIынур къызыгурыIуэ и лэжьэгъухэм, къефыгъуэ къыщагъэхъуми, зэ папщIэ къыхужаIэуи зэхихт — «ар сценэшхуэр къызэкIу цIыху лъагъугъуафIэхэм ящыщщ, и жыджэрагъкIи, и макъыр дахэу зэрыгъэувамкIи къэрэшей труппэм хэткъым абы пэхъун, сыт хуэдэ роли ет, нэсу мэджэгуф».

Актёрыр хущIыхьащ Къэрэшей-Черкес область драмэ театрым урысыбзэкIи къэрэшеибзэкIи щигъэува спектакль пщIы бжыгъэм хэтын. И лъэпкъыбзэм и гугъу пщIымэ, ар балъкъэр труппэм щылажьэм, къахущигъуэтауэ щытащ дунейпсо, лъэпкъ мыхьэнэ зиIэ лэжьыгъэхэр екIуу утыку изыхьэфын лIыхъужь гурыхьхэр, роль нэхъ гугъу дыдэхэм ихьэфу.

Уртенов Борис Къэрэшей-Черкесым и театр Iуэхузехьэхэм я Ставрополь къудамэм и уполномоченнэу 1980 гъэм хахащ. Илъэс пщыкIухкIэ щытхьэмадащ ди хэгъуэгум и театр Iуэхузехьэхэм я Союзми. А пIалъэм къриубыдэу, гъунэгъуу нэIуасэ къищIащ икIи ныбжьэгъуфIи къыхуэхъуащ Ульянов Михаил, Ефремов Олег, Лавров Кирилл, Калягин Александр хуэдэ актёр цIэрыIуэхэр.

Зи цIэ итIуахэм нэхърэ я зэфIэкIкIи, я утыку ихьэкIэ-итыкIэкIи зыкIи мынэхъ лъахъшэу, Борис ядэлэжьащ урысей гъунапкъэхъумэхэм ятеухуауэ ди республикэм щытраха «Стреляющие горы» художественнэ фильмым хэта урысей актёрхэм.

КъЧР-м щыпсэу лъэпкъхэм къаIэт жылагъуэ Iуэхугъуэхэм щIыхэт зэпытым хуэгъэзауэ юбилярым дыщеупщIым, жэуапу къыдитар гъэщIэгъуэнщ.

— Псори къыщожьэ Ленинград сыщеджа лъэхъэнэм. Сэ хуабжьу егъэджакIуэфIхэр сиIащ, абыхэм дагъасэм къыщымынэу, уеблэмэ щIэрыщIэу дапIт гудзакъэ тхэлъу, ди гъунэгъу - жэрэгъухэм дахуэмыгъуэу. Театрым и щэхухэр къэтщIэн ипэ, фIым дыхуаущийт.

Совет режиссёр Станиславский Константин и псалъэ шэрыуэхэр еуэ къэс щапхъэу къызощтэ: «Гъуазджэр фи гум щывгъафIэ, ауэ езы гъуазджэм фыщымыкъей» жыхуиIэр. СызэрепщIэымкIэ, щхьэж зихуэдэр къыгурыIуэрэ игъуэу зыкъищIэжынымкIэ а жыIэкIэр хэти къигъэщхьэпэфынущ, — къыддогуашэ актёрыр.

— «Щхьэ умызагъэрэ, сыт апхуэдиз Iуэху зыщIеппщытыр?» къыщызжаIэ къохъури, «Гугъу ехьу лъэ дытезыгъэува ди анэ тхьэмыщкIэр, къэрэшей лъэпкъыр и щIыналъэ щрагъэкIа илъэсхэм щыгъуэ, жэмышуи цы ихъэуи лажьэурэ, гуащIэм и уасэр нэрылъагъу тхуищIащ, узэхуэмысакъыжмэ, узэдэмыIэпыкъужмэ зы псэуныгъи зэрыщымыIэнури, уяку зыгурыIуэныгъэ зэрыдэмылъынури къыдгуригъаIуэкIэрэ. Аращ сэ цIыхухэми, абыхэм кърахьэжьэ лэжьыгъэхэми гъунэгъу защIыхуэсщIыр, — жеIэ артистым.

— 1986 гъэм и дыгъэгъазэм драмэ театрым и адыгэ труппэр елэжьт илъэсыщIэ спектакть гъэувыным. Абы роль нэхъыщхьэр щызгъэзащIэу хэтыр адыгэ лъэпкъри хэгъуэгури дызэрыгушхуэ актёр лъэрыхь Акъ Мухьэрбэчт. КуэдыфI щIат абырэ сэрэ сценэм ныбжьэгъу дызэрызэхуищIрэ, зы Iупхъуэ къуагъ зэрызэдэдгуэшрэ. Арати, спектаклыр хьэзыр хъууэ утыку ихьэгъуэри къыщысым, зыри дызэрымыгугъауэ, Мухьэрбэч гъейшей къэхъури, я режиссёрым зыкъысхуигъэзащ абы и пIэм сиувэу «къыдэсхыжыну».

«Хьэуэ» къыхэзмыгъэщу, псынщIэ-псынщIэу ролыр зэзгъэщIэн щIэздзащ. Зэгуэрми сщыгъупщэнукъым адыгэбзэкIэ спектакль сыщыджэгуа махуэр. Мухьэрбэч, гукъыдэмыжу зэрыщыту, и унагъуэм щIыгъуу накIуэри къыдэплъауэ щытащ. Ар сэркIэ уасэншэщ, зэхущытыкIэ нэсым и нэщэнэщ, — игу къегъэкIыж Уртеновым.

Къэрэшей лъэпкъым и гъуазджэм лъэбакъуэфI езыгъэча актёрыр 1939 гъэм къыщыхъуащ Елътыркъэш къуажэм. Ар жыджэру хэлэжьыхьащ Къэзахъстаным и Чимкент областым хыхьэ Сары-Агач жылагъуэм художественнэ самодеятельностымкIэ еджапIэ интернатым. 1957 гъэм ар тху защIэкIэ къиухри, и гурылъхэр зригъэхъулIэн папщIэ Ленинград иунэтIащ.

1964-1974 гъэхэм Уртенов Борис щылэжьащ Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театрым. Абы къыщыIукIыжа илъэсым игурэ и псэрэ хуигъэтIылъауэ Къэрэшей драмэ театрым щолажьэ. Уеблэмэ нобэкIэ ди республикэм щылажьэ лъэпкъ театрхэм актёр нэхъыжь дыдэу яхэтыр аращ.

Уртенов Борис и гуащIэдэкI гъуэгуанэр зэрыхуэфащэкIэ къыхагъэщащ нагъыщэ зэхуэмыдэхэмкIэ. Къэрэшей лъэпкъым и щэнхабзэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэу хуищIар къыхалъытэкIэрэ, 1982 гъэм абы къыфIащащ «Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м щIыхь зиIэ и артист», 1995 гъэм – «УФ-м щIыхь зиIэ и артист», 2006 гъэм – «Къэрэшей-Черкесым и цIыхубэ артист» цIэ лъапIэхэр.

Ар илъэс 60-м щIигъуауэ и псэ емыблэжу гъуазджэм хуолъащэ, Тхьэр къызэрыхуэупса и сэнаущымкIэ театреплъхэм я гукъыдэжыр къиIэту, и лъэпкъымрэ зыщалъхуа лъахэмрэ къыхуащIа дзыхьыр игъэпэжыжу...

**ЛЫХЬ Тимур**

Юбилей

***Мазаем и 15-м илъэс 85-рэ ирикъуащ Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист, Къэрэшей драмэ театрым илъэс щэ ныкъуэ гуащIэ хуэзыгъэтIылъа творческэ цIыхушхуэ УРТЕНОВ Борис Хъусей и къуэр.***

# Гу къабзэкIэ лъэпкъхэм яхуолажьэ



Зыхуэгъэзэныгъэм кърикIуэу

1 ↰

## ПУТИН Владимир: «Дызыунагъуэшхуэщ!»

Президентым и къэпсэлъэныгъэр къыщIидзащ Украинэм щекIуэкI зауэ операцэ хэхам ехьэлIа Iуэхухэмкъ. Ар къытепсэлъыхьащ зауэлIхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ къэралым зэрызащIигъакъуэм, а лэжьыгъэр зэрырагъэфIэкIуэнум. ФIыщIэ яхуищIащ цIыхухэр зэкъуэувауэ Хэкум и хуитыныгъэмрэ и къэкIуэну дахэмрэ зэрыщIэбэным папщIэ.

Лъэпкъ Пашэм гулъытэшхуэ хуищIащ ди къэралым и зыхъумэжыныгъэм и зэфIэкIым, дзэ-промышленнэ IэнатIэхэм я зыужьыныгъэм, IуэхущIапIэщIэхэр къызэгъэпэщыным, иджырей Iэщэхэр къыщIэгъэкIыным. КъытеувыIащ 2018 гъэм зытепсэлъыхьауэ щыта Iэщэхэр мы зэманым жыджэру къызэрагъэсэбэпым. Абы щыхьэт тохъуэ ди щIалэхэм СВО-м къыщагъэлъагъуэ зэфIэкIхэр, IэкIуэлъакIуагъэр.

Путин Владимир и гугъу ищIащ къэралщIыб, къэралкIуэцI политикэ Iуэхухэми. Ар къытеувыIащ нэхъ зэфIэкI зиIэ къэралиблым я ехъулIэныгъэхэм БРИКС-м хиубыдэ къэралхэм я зыужьыныгъэр зэрынэблэгъар.

«Урысейр АСЕАН-м, Африкэм, хьэрып къэралхэм зэрыпыщIам жыджэру зеужь», — жиIащ Путин Владимир, зи гугъу ищI Iуэхум мыхьэнэшхуэ зэриIэр къыхигъэщу.

Урысейм и къэралкIуэцI политикэ Iуэхухэм ехьэлIауэ къалэн нэхъыщхьэу абы къигъэлъэгъуахэм ящыщщ лъэпкъхэм я щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр хъумэныр, сабий къэхъухэм я бжыгъэм хэгъэхъуэныр, узыншагъэр егъэфIэкIуэныр, зэхуэмыщIауэ псэу унагъуэхэм я хэхъуэхэр нэхъыбэ щIыныр, бынунагъуэшхуэхэм зэрызыщIагъакъуэ IэмалыщIэхэр убзыхуныр. А гугъуехьхэр къызэнэкIа хъуным ехьэлIауэ лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкIынущ. АбыкIэ сэбэп хъуну къэралым и Iэтащхьэм къигъэлъэгъуащ «Унагъуэ» лъэпкъ проектыщIэр. Ар бынунагъуэшхуэхэм ятещIыхьауэ щытынущ икIи псэупIэ зэрагъэпэщынымкIи щIэгъэкъуэныфI яхуэхъунущ. Президентым къыхигъэщахэм ящыщщ зэхуэмыщIауэ псэухэр нэхъ мащIэ зэрыхъуар. Абы щIигъуащ сабий къызыхуэхъу анэм ахъшэ зэрырат Iэмалым 2030 гъэ пщIондэ зэрызрагъэубгъуэр.

Путин Владимир къигъэлъэгъуащ нэгъуэщI проектыщIэхэми елэжьын зэрыщIадзэр. Апхуэдэщ: «ГъащIэ нэхъ кIыхь, узыншэ ехьэкIын» зыфIащар. Ар хуэгъэзауэ щытынущ Урысейм ику иту илъэс 80-м нэс псэууэ щыщIыным елэжьыным. «Урысейм и щIалэгъуалэр» лъэпкъ проектыр — «ди къэралым и къэкIуэнум тещIыхьа Iуэхущ». Дэтхэнэ проектым щхьэкIи зыхуеину мылъкур зыхуэдизыр къигъэлъэгъуащ.

Президентым къиIэтащ узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм и Iуэхухэри. АдэкIи пащэнущ апхуэдэ IуэхущIапIэхэр зыхуей хуэгъэзэным, гу-лъынтхуэ узыфэхэм, узыфэ хьэлъэхэм, нэгъуэщIхэми зэреIэзэ Iэмалхэм хэгъэхъуэным, медицинэ IэнатIэхэм зегъэужьыным.

Пащэнущ еджапIэщIэхэмрэ сабий IыгъыпIэхэмрэ ухуэнымкIэ лэжьыгъэми. 2025 гъэм къыщыщIэдзауэ программэ щхьэхуэкIэ елэжьынущ гъэсапIэхэр зэгъэзэхуэжыным.

ДяпэкIэ къэралым гулъытэ хэха хуищIынущ хьэрычэт цIыкIумрэ ику итымрэ, абыхэм щIыналъэхэм я зыужьыныгъэм мылъку къыхегъэлъхьэным.

Къапщтэмэ, IуэхуфI къызыдэкIуа программэ псори 2030 гъэ пщIондэ иджыри ягъэзэщIэнущ. Шэч хэмылъу, абыхэм щIэхэри къахэхъуэнущ, IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырыным, егъэджэныгъэ, щэнхабзэ IуэхущIапIэхэр зыхуей хуэгъэзэным, Урысейм и щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм защIэгъэкъуэным теухуауэ.

Президентым къыхилъхьащ бюджет щIыхуэу щIыналъэхэм ятелъым и Iыхьэ щанитIыр къыхуагъэгъуныр. Абы и фIыгъэкIэ къахудэхуэну ахъшэр халъхьэфынущ щIыналъэхэм зезыгъэужьыну Iуэхухэм. Урысей Федерацэм и щIыналъэхэр 2030 гъэм ирихьэлIэу сыт и лъэныкъуэкIи ефIэкIуэн зэрыхуейр жиIащ Президентым.

Ди Лъэпкъ Пашэм ищIа Зыхуэгъэзэныгъэм къалэнышхуэхэр къыщигъэлъэгъуащ, ахэр гъэзэщIа хъунми ахъшэшхуэ хуаутIыпщынущ.

Президентым жэуап нэс иритащ зэкъуэува КъухьэпIэ къэралхэм дагъэшынэну зэрыхэт Iуэхухэм ятеухуауи. Абы жиIащ зауэ операцэ хэхам ахэр къыщыттекIуэну е ди цIыхубэм я зэкъуэтыныгъэр «зэкъуаудыну» я гущхьэ къагъэкIыххэн зэрыхуэмейр. Абы ткIийуэ къыхигъэщащ ди къэралым и Iуэхухэм зыри къыхэIэбэу зэримыдэнур. «Дызыунагъуэшхуэщ!», — жиIащ Президентым. Абы къикIращи, дызэкъуэтмэ, тхузэфIэмыкIын щыIэкъым.

**Зыгъэхьэзырар ЕЗАУЭ Маринэщ**

«Черкес хэку»-р илъэси 100 щрикъум

# Журналист къызэрысхэмыкIар...

Илъэс пщыкIузым ситу Сыбыр сыкърашыжат. Адыгэбзэм си бзэр хуэкъутатэкъым, си анэмрэ сэрэ дызэрызэрылъагъур мащIэ дыдэт – ар мэзгъауэ щыIэт е губгъуэм итт. Ди жылэм абазэрэ адыгэрэ зэхэпхъауэ дэст. Зэныбжьэгъухэр нэхъыбэу дызэрызэгурыIуэр урысыбзэт.

АтIэ, дыкъыщыкIуэжам сызыхагъэтIысхьа классыр адыгэ защIэти, бзэ сцIыху тIэкIур щIэнэкIалъэт. ЕгъэджакIуэу Уэтэр Iэмэтэт сызратари лъэкI къигъэнакъым бзэр сигъэщIэжын щхьэкIэ. Абы иужькIэ Къардэн Хьэжысмел сыIэщIыхьащ. «Нарт» тхылъыр япэ дыдэ ди къуажэ къыдэзыхьар арати, къытхуеджэ зэпытт, уеблэмэ, ди нэхъыжьхэми дакъыхуеджэну ди пщэ кърилъхьэт. А егъэджакIуитIым я IизныкIэ бзэм хуит сыхуэхъуащ. Дерсым къыщIэтх мащIэм и дэIэпыкъуэгъут классщIыб лэжьыгъэри.

Япэ дыдэ Iэмэтэрэ Хьэжысмелрэ я ущиекIэ ди лъэпкъ газетым седжэу щIэздзащ, хьэблэ лIыжьхэми сакъыхуеджэт. ХьэкъыпIэкIэ жысIэнщи, лъэпкъ газетым илъэс блыщIым щIигъуащ пыщIэныгъэ зэрыхузиIэрэ.

Дэ тщыгъуэ ебланэ классыр къаухыхукIэрэт адыгэбзэр зэраджу щытар. Сэр хуэдэхэмкIэ ар мащIэIуэт, икIи институт урищIыхьэну ирикъутэкъым, адыгэбзэ здыщадж институтыр Iуэхум къыхэплъытэмэ. Нобэр къыздэсым схуэгъэщIагъуэкъым ар зэрысхузэфIэкIар.

Экзамен стыну сыздэкIуа егъэджакIуэ институтым псом яужь дыдэу комиссэм и пащхьэ ихьар сэращ. «Уэсят стыжурэ» билетыр къасщтэри, гугъапIэ симыIэжу сытIысащ, зызгъэхьэзырыну. Билетым ит упщIэхэм нэхъ сызытегушхуар Хъуэжэ и таурыхъхэрат. Мо комиссэ езэшам я гур къэсхьэхун папщIэ абыкIэ къыщIэздзащ. ЕплIанэ, етхуанэ хъыбархэм сынэсауэ къызгурыIуащ комиссэр «къызэрысщэхуар» - дыхьэшхыу щIадзащ. Адрей упщIэхэм жэуап естагъэххэ къафIэщIри, «тху» схуагъэувващ. Тхыгъэ лэжьыгъэу дагъэтхам нагъыщэу «зыр» куэдыIуэт, ауэ Хъуэжэ и хьэтыркIэ «щы» схуагъэуври — апхуэдэуи сыщIэхьащ.

Студенту щытам ецIыхуж стипендие къыхуашийм нэхъ псынщIэу жэщI зэрыщымыIэр. Абы щхьэкIэ абыхэм къалъыхъуэт хэхъуэ гуэр къызыпэкIуэн лэжьыгъэ: хадэ къатIт, унагъуэ куэшыжхэм я хьэпшыпыр къыхурахьэкIт, абы нэмыщIу, куэдым газетым тхэным зратат. Ятхам къыпэкIуа гонорар тIэкIур зыми хэплъхьэ зэрымыхъунур фIыуэ къагурыIуэти, дэ, мытхэхэм дагъэшхт. Ауэ а тхэным шынагъуэ гуэри хэлът: пцIы быупсу газетым щIебгъэхьын щыIэтэкъым. Еуэри, къытхэс щIалэ гуэрым хъыбар жетIащ: футболымкIэ зэпеуэм тхыдэмкIэ факультетым щIэс щIалэхэм физматым и командэр хагъэщIауэ. Ар пцIы защIэт. Япэрауэ, тхыдэ факультетым щеджэр щIалитI къудейт, зэи топ ямыIыгъауэ, физматым хэсхэм хьисэпым ипIэкIэ футболыр нэхъ къыхахт. Газетым а тхыгъэ кIэщIыр къызэрытехуэу, математикхэр къэкIуащ авторыр яубэрэжьыну. Ауэ ар жейуэ хэлъти, щIэкIыжащ, къытрагъэзэжыну псалъэ ятри. Сэ абдеж къызгурыIуащ корреспонденту ущытыныр зэрыIуэху шынагъуэр.

Дыщеджэ зэманым щIэныгъэм хуэIэижь студентхэм я зэгухьэныгъэ щыIэт. Сэри абы сы-хэтт. Курсыр къызэрыдухам щIэныгъэу къыдитар дытхыжт. Ди унафэщI Сэкий Мусэ на-бдзэгубдзаплъэу якIэлъыплът а тхыгъэхэм, нэхъыфIхэр къыхихыурэ гъуэгу яритт. «Адыгэбзэм къыхыхьа нэгъуэщI лъэпкъыбзэ псалъэхэр» лэжьыгъэ стхам гулъытэ къыхуищIащ, уеблэмэ, Налшык дэт университетым щекIуэкIыну конференцэм сигъэкIуэну унафэ ищIащ. Ауэ IэкIэ стха тхыгъэр тедзэн хуейт. А зэманым адыгэбзэкIэ тхар машинкэкIэ тезыдзэу ди щIыналъэм щыIэр адыгэ газетым щылажьэ Шыбзыхъуэ Шумисэт и закъуэт. Мусэ редакцэм псалъэщ, ялъэIури, схутрадзэну къагъэгугъащ.

— Уэ птхам къеджэфыну щыIэр уэ зыращ, кIуэи Шумисэт къыхуеджэурэ трегъадзэ, — унафэ къысхуищIащ Мусэ.

Шумисэт хуэдэ цIыху гуапэ, хьэлэл сыхуэзауэ сцIыхужкъым. Гъуэмылэ къысхуихьащ, шей пщтыр сыхьэт къэсыху сригъафэт. Экземплярищ къызитыжри Мусэ хуэсхьыжащ. Си лэжьыгъэр Налшык щыпхыкIри, япэ увыпIэр къыщихьат.

Институтыр къэдухауэ еджапIэхэм дыщылэжьэну даунэтIт. А зэманым газетым и редактор нэхъыщхьэу лажьэ Шурдым Кушыку комиссэм елъэIуащ сэ хуит сащIу редакцэм сыщагъэлэжьэну. Си щхьэр фIыуэ сигъэлъагъужат. КъраIуа махуэм редакцэм секIуэлIащ. Абдеж редакторым пэплъэу Къэзэнокъуэ Юрэ, Нэхущ Володя, Мыжей Мишэ сымэ щыст. Ахэри щIэхъуэпст редакцэм щылэжьэну. Дауэт абыхэм сазэрыпеуэнур: фэтэр яIэт, университетыр фIы дыдэу къаухат. Кушыку деж сыщIыхьэри, си еплъыкIэр щыжесIэм, сыкъиутIыпщыжащ. Си жылэжьым сыкIуэжри, еджапIэм сыIухьащ.

А щIалищри газетым куэдрэ ягъэлэжьакъым, обкомым и унафэкIэ IэнатIэшхуэхэр кърататщ. Сэри редакцэм си мурад хэсхыжауэ, жылэжьым щезгъаджэт. Махуэ гуэрым директорым сриджэри Кушыку къызэрыкIуэнур къызжиIащ. Мис, апщыгъуэм мурад сщIащ си лэжьапIэр схъуэжыну.

Сызыхэхуа гупыр къызыхуэт щымыIэу цIыху нэхъусахэт: нэхъыжь Iумахуэхэу Мамхэгъ Жыхьэбэн, Уэхъутэ Анзор, Гъуэщокъуэ Хъусин, Хьэнфэн Алим, Нартокъуэ ФIыцIэ, Къул Володя, Бахътыр Исмэхьил, Ахъмэт Мухьэдин сымэ... НэхъыщIаIуэхэу: Хьэгъундокъуэ Рэмэзан, Брат Хьэбас, Даур Жэхьфэр, Щынахъуэ Алий, АбытIэ Володя сымэ. А гупым я лэжьэкIэмрэ я зэхущытыкIэмрэ удихьэхт, еджапIэшхуэт ар сэркIэ, акъыл къызыхэсхын куэд ядэслъагъут...

Илъэс щэныкъуэрэ блырэ текIыжащ абы лъандэри, дэтхэнэри фIыкIэ сигу къокIыж. ЯхыхьагъащIэм зыгуэр къызэрысхагъэкIыным хущIэкъухэт ахэр, чэнджэщхэр къызатт.

Редакцэм щыхабзэт дежурнэу къыдэзыгъэкIым дэIэпыкъуу. Газетыр къыдэзгъэкIыхункIэ, нэхъыжьхэр накIуэурэ къыздэIэпыкъут, щыуагъэ сымыгъэкIуэн хуэдэу. Iэпэ щIэздза нэужьт щызэбгрыкIыжыр.

Сэ Даур Жэхьфэр зытет къудамэм и лэжьакIуэу сагъэуващ. Япэ щIыкIэ урысыбзэкIэ къатха тхыгъэхэр ди бзэм изгъэувэти унафэщIым естыжт. Газетым къатхауэ зы письмо ирагъэгъэзэжтэкъым. СощIэж, Эрсакон кърherитхыкIыу зы селькорым и письмо къытIэрыхьэти, абы и нэрыгът я къуажэ хьэмэмым тетхыхьыныр: хьэмамыщIэ тхуащIащ жери зэм къитхащ. Ар мафIэм исащ, зэрагъэзэхуэжкъым... жиIэри къыкIэлъигъэкIуащ. Ди щхьэр дигъэужэгъуат. А лIы закъуэм гонорару иратам зы хьэмамыщIэ ирипщIыфынут!

Ди газетым пщIэшхуэ иIэт, цIыхур еджэт, абы къытехуэхэм тепсэлъыхьт. Куэд къыуатынт уи цIэр IейкIэ жамыIэн щхьэкIэ — «Шыбжийр» сырт, щытхъур зэрыкъуажэу, районым щагъэIут.

Редакцэм щылажьэу хъуар къуажэхэм кIуэти, отчет щащIт, абдеж дыдэми Iэпэ щыщIадзт. Дыхьэшхэн гуэрхэри къыщыхэхуэ щыIэт.

Ди гъунэгъу газетым и редакцэр къуажэ гуэрым кIуат, абдеж нэхъ хуэмыхуу Iэпэ щIэдзыныр щекIуэкIт. — «Мылъкушхуэ текIуадэкъым газетым Iэпэ щIэдзыным, кIэртIоф пэгунитIым и уасэщ ихьыр» — жиIащ редакцэм щылажьэм. Ар зэрызэхихыу, къуажэдэс гуэрым кIэртIоф мэшоку къихьри машинэм кърилъхьауэ жаIэжт.

Си насып къихьащ зи цIэр фIыкIэ нобэми жаIэ цIыхушхуэхэм садэлэжьэну, щапхъэ къатесхыну. Ауэ куэдрэ сахэтакъым а гуп хьэлэмэтым. Зыгуэр къысхэкIынщ щыжысIэм, обкомым Хьэбэз районым и комсомолым сыщылэжьэну унафэ ищIащ. Абы щыгуфIыкIыр ди анэмрэ (къуажэм сызэрыкIуэжым щхьэкIэ) Даур Жэхьфэррэт (и пщэм сыдэкIати).

Зи жагъуэ хъуар ди унэм щIэсрат (къалэм щыпсэуным и мурадыр хихыжат). Си пIэкIэ къащтащ Къантемыр Тыркубий. Абы жесIауэ щытащ:

— Мы Iэнэм дапщэрэ семыныкъуэкъуами, сатырищэрэ тIощIрэ нэхъыбэ къысхукIэрыхакъыми, абы ущхьэдэхыну сынохъуэхъу!

Тыркубий илъэс куэдкIэ кIэрысащ а Iэнэм, хуэфащэ дыдэуи къэралым и нагъыщэ куэд къилъэщащ. КъызэрыщIэкIамкIэ, Iэнэм зыри илажьэтэкъым...

Журналист къысхэмыкIами, ди газетыр зыпэсщIын щыIэкъым. Илъэсищэ хъуауэ лъэпкъым хуэфащэу бгъэдэтщ, ирогуфIэ и ехъулIэныгъэхэм, иронэщхъеи къемыхъулIам. Ноби и фIыр еIэт, псалъэ гуапэ къыхуегъуэт и цIыхуфIхэм.

ЕфIакIуэ, зыуэзщI ди газет лъапIэ! Абы елэжьхэм Тхьэр фIыкIэ къыфхуэупсэ, узыншагъэ быдэ фиIэну сыфхуохъуахъуэ!

**МОЛЭХЭ Рэшид, Черкесск къалэ**

Фэеплъ

***Гъатхэпэм (мартым) и 8-м илъэс 25-рэ ирокъу УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, адыгэм къытхэкIа япэ профессиональнэ композитор Даур Аслъэн Алий и къуэр дунейм зэрехыжрэ. ХьэкъыпIэкIэ а махуэм къыщегъэжьауэ нобэр къыздэсым, абы и фэеплъыр хъумэным, и гуащIэр, и щIэиныр цIыхум янэхьэсыным псэемыблэжу пылъщ журналист цIэрыIуэ Даур Жэхьфэр.***

# Щэнхабзэ щIэиныр яхъумэ

Фи пащхьэ идолъхьэ ди зэпсэлъэныгъэр.

**— Жэхьфэр, илъэс 25-рэ текIыжащ ди лъэпкъыр зэрыгушхуэ, зэрыин, композитор щэджащэ Даур Аслъэн игъуэнэмысу дунейм зэрехыжрэ. Бзылъхугъэхэм я Дунейпсо Махуэм техуат а хэщIыныгъэшхуэр. ЗэрытщIэмкIэ, абы ехьэлIа гукъэкIыжи уиIэщ...**

— Аслъэн сымаджэщым щIэлът апщыгъуэм. Пщэдджыжьым, мартым и 8-м абы и щытыкIэри нэхъыфI хуэдэу нэху къекIат. И шыпхъу Мае бгъэдэсти, кIэнфетрэ шампанскэрэ кърригъэхьри сымаджэщым бзылъхугъэу щылажьэм яхъуэхъуащ, псалъэ гуапэхэр яжриIащ, IэплIэ яхуищIащ. СыхьэтитI текIри и псэр хэкIащ...

Абы си гупсысэр зыщ зыхуишэр — Аслъэн дунейм зэрытетам хуэдэу, цIыхугъэ хэлъу, адыгагъэ зэрихьэу дунейм ехыжащ. Ар къэзыцIыхуахэм я гум къызэринэжари апхуэдэщ.

**— Апхуэдиз илъэс бжыгъэм кърриубыдэу Аслъэн и цIэр, абы и фэеплъыр хъумэным хуабжьу упыщIащ. А Iуэхур зэи зэбгъэтIылъэкIакъым. Укъытхутепсэлъыхькъэ...**

— Аслъэн дунейм зэрехыжрэ илъэс нэхъ темыкIауэ, Хьэбэз районым и Iэтащхьэу а зэманым тета Мэкъуауэ Фатимэ и жэрдэмкIэ, композиторым и япэрей фэеплъ сыныр район купсэм щыдащIыхьауэ щытащ, Хьэбэз къуажэм дэт щэнхабзэмкIэ Унэм и пщIантIэм дагъэуват. КIэмрыгу Хьэтызэт ар зыщIар. Ар япэ лъэбакъуэт.

Жылагъуэ организацэхэм, Адыгэ Хасэм Аслъэн и музыкальнэ щIэиныр хъумэным папщIэ лэжьыгъэ ирашэжьащ. Къардэн Алик КъЧР-м и Правительствэм и тхьэмадэу щытетым, абы и унафэкIэ комиссэ къызэрагъэпэщащ. Абы дыхагъэхьащ сэри, Аслъэн и шыпхъу Маи. Ди пщэрылъыр арат — Даурым и тхыгъэхэр зы тщIыжу къыдэдгъэкIыжынрат. ИкIи лэжьыгъэ хьэлъэу къыщIэкIащ ар, куэди а IуэхуфIым хэлэжьыхьащ.

Республикэ ахъшэкIэ томитIыр къыдагъэкIауэ щытащ. Япэ томыр Аслъэн къикIуа гъащIэ гъуэгуанэр къэзыгъэлъагъуэт, етIуанэм нэхъ къару зыщIэлъ, нэхъ лъэрыхьу ялъытэ макъамэ тхыгъэхэр ихуат.

**— А тхылъхэр хэт зылъысар, нэгъуэщI республикэхэм яIэрыхьэфа?**

— Ди республикэм музыкэм пыщIауэ щыIэ еджапIэу хъуам, курыт еджапIэхэм, сабий IыгъыпIэхэм яIэщIэхьащ. Адыгэр нэхъ зэгъэуIуауэ зыщыпсэу республикищым я щэнхабзэхэр «зэкIэрызыгъапщIэ» шхэпст Аслъэн. Ар къыхэтлъытэкIэрэ, Адыгэ Республикэм, Къэбэрдей Балъкъэрым я уэрэдусхэм, композиторхэм яIэрыдгъэхьащ, Москва композиторхэм я Союзми яттащ.




Мы тхылъым ихуащ Къэрэшей-Черкесым, Дунейпсо Адыгэ Хасэм я гимнхэр. Зэрыдунейуэ адыгэхэр здэщыIэ къэралхэм Аслъэн итха Гимныр къыщоIу. Адыгэхэм Iуэхугъуэ гуэр щрагъэкIуэкIкIэ ди лъэпкъэгъум къигъэщIа гимнымкIэ къыщIадзэ, абыкIи Аслъэн и пщIэр хамэ къэралхэми щахъумэ.

**— Республикэ власт къулыкъухэр Даур Аслъэн ехьэлIа фэеплъ Iуэхугъуэхэм дауэ пыкъуэкIрэт?**

— Ди гуапэщ жылагъуэми, власт къулыкъухэми Аслъэн ехьэлIа Iуэхугъуэхэр лъэпкъым къызэрыдаIыгъыр. 2000 гъэм республикэм и Iэтащхьэу щыта Семеновым къыдигъэкIат «Даур Аслъэн и фэеплъыр мыкIуэдыжын щIын» Унафэр. 2002 гъэм «Композитор Даур Аслъэн и музыкальнэ щIэиныр хъумэным» жыхуиIэу Правительствэм и Постановленэр дунейм къытехьащ.

Абы къыпэкIуэу, Аслъэн здыщылэжьа, здыщригъэджа колледжым и цIэр фIащыжащ. Абы и бжэIупэм композитор гъуэзэджэм и фэеплъ сын щыдгъэувынуи унафэ къэтхьащ. Зэманым и зэхъуэкIыныгъэ хьэлъэу дытехуэри, щIыгум и IуэхукIи, сыным и уасэр зэрыщIэттынымкIи гугъу дыдехьащ. Арами, ди хъуэпсапIэр щызу къыдэхъулIауэ солъытэ. КIэмрыгу Хьэтызэ уэрэдус телъыджэм етIуанэу хуищIа фэеплъ сын дахащэр колледжым и бжэIупэм Iутщ, абы удз гъэгъахэр сыт щыгъуи тралъхьэ, щIэблэм ирагъэцIыху.

**— АтIэ, фэеплъ сыным къинэмыщIауи, гъуазджэхэмкIэ республикэ колледжым музеи щывухуащ...**

— АтIэ, иужьрей лъэбакъуэу арат дызыхуэпабгъэр. Композитор, егъэджакIуэ, дирижёр, публицист, IуэрыIуатэдж, жылагъуэ лэжьакIуэ Даур Аслъэн хуэфащэтэкъэ музей! А Iуэхугъуэми дыпэрыуващ. Къэбэрдей-Балъкъэрым дыщыIащ музейхэм я ухуэкIэр зэдгъэлъагъуну, икIи абы иужь дызэрихьэным дытегушхуэу дыкъэкIуэжащ.

Ари къызэдгъэпэщащ. Даур Аслъэн и илъэс 70-м техуэу къызэIутхауэ щытащ композиторым и гъащIэр, и творчествэр нэIурыт зыщI хьэпшыпхэмкIэ гъэнщIа музейр. Мы гъэм абы псэщIэ къыIукIэжауэ солъытэ. Колледжыр зэрагъэзэхуэжа нэужь, музейм плIанэпэ щхьэхуэ хухахащ, фIыщэуи ягъэпсыжащ. АбыкIэ хуабжьу Даур лъэпкъыр дыхуэарэзыщ жэрдэмыр къызыбгъэдэкIахэм, псом хуэмыдэуи, республикэм щэнхабзэмкIэ и министр Агырбэ Зураб.

АбыкIи къэмынэу, гъуазджэмкIэ колледжым Даур Аслъэн и фэеплъыр хъумэнымкIэ пшыхьхэр гъунэжу къыщызэрагъэпэщ. А лэжьыгъэр зэпыукъым. Сэри срагъэблагъэ, сыгушхуэу сахохьэ. ЩIэблэм Даур Аслъэн яцIыхуу къагъэтэдж. Си ныбжьыр здынэсам сэ сызыщIэхъуэпсри, а Iуэхугъуэхэм яужь сыщIитри аращ...

**— ЗэрытщIэмкIэ, Даур Аслъэн тхылъ хуэптхащ. Республикэми абы уасэфI хуищIащ...**

— Пэжщ ар. 2012 гъэм дунейм къытехьащ Аслъэн и творчествэмрэ и гъащIэмрэ теухуауэ хуэстха тхылъыр, «Оборванные струны сердца» зыфIэсщар. Ар плъытэ хъунущ Даур Аслъэн теухуа энциклопедиеу. Даурым къикIуа творческэ гъуэгуанэ телъыджэр къанэ щымыIэу абдеж къыщетхэкIащ. Зэхуэтхьэсыжащ композитор, дирижёр, уэрэдус щэджащэхэм Аслъэн къыхужаIахэр, абыхэм я гукъэкIыжхэр. Даур Аслъэн и щIэиныр хъумэнымкIэ тхылъым хуищI хэлъхьэныгъэр къыхалъытэри, 2014 гъэм Къэрэшей-Черкес Республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид и Саугъэтыр къысхуагъэфэщауэ щытащ. Ар ди лъэпкъымкIэ уасэншэщ.

**— Жэхьфэр, иджыри мурадыфI куэд уи гум илъщи, Тхьэм ухущIигъыхьэ, узыншагъэ быдэкIэ уигъэгуфIэ!**

**Епсэлъар ХЬЭТАЙ Мадинэщ**

Пресс-конференцэ




**Печатым и Унэм и зэхуэсыпIэ пэшым щекIуэкIащ Росреестрым Къэрэшей-Черкесым щиIэ къудамэм зэхиша пресс-конференцэр. Ар теухуауэ щытащ псэупIэхэр, псэуалъэхэр зэхъуэкIыныгъэхэр хабзэкIэ зэращIым, «Земля для стройки» проектым, гараж, дачэ амнистэхэм, Росреестрым электроннэ хуэIухуэщIэхэр къызэригъэсэбэпым.**

# Росреестрыр зыпылъ Iуэхухэр

Журналистхэм я пащхьэ къыщыпсэлъащ Росреестрым и хэгъуэгу къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ Боташев Аслъэн, щIыгухэр гуэшынымкIэ, абы кIэлъыплъынымкIэ, ямыгъэIэпхъуэ мылъкум кадастровэ уасэ етынымкIэ, геодезиемрэ картографиемрэкIэ и къудамэм и унафэщI Бадаховэ Фатимэ, зи щхьэ зыгъэпсэуж организацэхэм я щIыгухэм къэрал IэмалкIэ якIэлъыплъынымкIэ къудамэм и унафэщI Катчиевэ Айшэт, Хьэбэз, Адыгэ-Хьэблэ, Абазэ, Нэгъуей районхэм япха межмуниципальнэ къудамэм и унафэщI Хьэгъундокъуэ Радимэ, Зеленчук, Уарп районхэм япха межмуниципальнэ къудамэм и унафэщI Алботов Рэшид сымэ.

Къат куэду зэтет унэхэм хыхьэ фэтэрхэм зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэнымрэ зэманым екIуу зэтегъэпсыхьыжынымрэ иджы зэхэгъэкIащ. Иджырэ къыздэсым къызэралъытэу щытам тепщIыхьмэ, фэтэр куэду зэхэт унэм деж фэтэрым и пэшхэр зэхэгъэхьэжыныр е къатитIым щыIэ фэтэрыр зым хьыжыныр зэгъэзэхуэжыныгъэ-реконструкцэт (ар хабзэкIэ щIэптхэныр нэхъ гугъут икIи нэхъ лъапIэт). Иджы ар "перепланировкэщ" икIи нэхъ тыншщ.

АдэкIэ псалъэр хуэкIуащ зэгъунэгъухэм я щIыгу зэпылъыпIэхэм я мэжэхэм. Гъунэгъухэр щIыгу кIапэр зэрамыгъэгуэшу куэд дыдэрэ щызэдауэ щыIэщ. ИкIэм - икIэжым, щызэгурымыIуэжкIэ, Iуэхур хьэкум пащхьэ иралъхьэ. ЩIыгухэм я къэухьхэр, мэжэхэр ЕГРН-м щыгъэбелджылауэ щытмэ, ар кадастр тхылъкIэ щIэгъэбыдэжамэ, зэдауэ щымыIэу псори зэфIэкIынущ. ЗэгурымыIуэныгъэ гуэр Iуэхум къыхэхуэмэ, зыхуагъэзапхъэщ кадастровэ инженерым. Аращ щIыгу Iыхьэхэр гуэшынри, мэжэхэр гъунэу илъынри зи къалэныр. Абы ущыбгъэдыхьэкIэ, пIыгъын хуейщ мэжэхэр зэхъуэкIыным тещIыхьа тхылъхэр.

Росреестрым и лэжьакIуэхэр къытепсэлъыхьащ дачэ, гараж амнистэхэм. Дачэ амнистэр Урысей Федерацэм щолажьэ 2006 гъэм лъандэрэ икIи зыбжанэрэ ягъэкIыхьащ.

Дачэ амнистэм цIыхухэм лъэкIыныгъэ къарет псэуалъэ щхьэхуэхэр ухуэн щыщIадзари, щаухари къамыгъэлъагъуэу, ахэр яухуэн папщIэ хуитыныгъи щIэмылъэIуу, щIэгъэпсынщIауэ, тыншу хабзэкIэ щIатхэну.

Гараж амнистэм и Iуэхури абы ещхьщ, цIыхухэм лъэкIыныгъэ къарет гаражыр зытет щIыгури езы псэуалъэри тыншу щIатхэну. Псалъэм и жыIэгъуэкIэ, гараж амнистэр зэраублэрэ, Къэрэшей-Черкесым щыщIатхащ гараж 675-рэ ахэр зытет щIыгу Iыхьэ 752-рэ.

Росреестрыр сэбэпышхуэ мэхъу щIыналъэхэм, пщIантIэхэм, унэхэм щIыуэпс гъуэзыр щрашалIэкIи.

**Ухуэныгъэхэр здрагъэкIуэкIыну щIыгу Iыхьэхэм ятеухуауэ**

Росреестрым Къэрэшей-Черкесым щиIэ къудамэмрэ республикэм и Правительствэмрэ зэщIыгъуу лэжьыгъэ ягуэщI щIыгу къамыгъэсэбэпхэр къагъуэту, ахэр псэупIэ ухуэныгъэм пылъхэм иратыным хуэунэтIауэ.

2024 гъэм щIышылэм (январым) и 1-м ехъулIэу Къэрэшей-Черкесым псори зэхэту къыщагъуэтащ зыми къимыгъэсэбэп, гектар 526,4-рэ хъу щIыгу Iыхьэ 622-рэ. Абы теухуа хъыбарыр итщ Росреестрым и кадастровэ картэм и платформэм и «Земля для стройки» сервисым.

Зэпсэлъэныгъэм хэтахэр къытепсэлъыхьащ электроннэ хуэIухуэщIэхэми. Росреестрым и электроннэ хуэIухуэщIэхэмрэ сервисхэмрэ цIыхухэм лъэкIыныгъэ ират я унэхэм къыщIэмыкIыу а хуэIухуэщIэхэр зыIэрагъэхьэну. Апхуэдэ сервисхэм я дэфтэрри къахьащ. ЗэзыгъэщIэну хуейхэм зыхуагъазэ хъунущ Росреестрым Къэрэшей-Черкесым щиIэ къудамэм и сайтым **(09_upr@rosreestr.ru)**.

**ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ**

Хэхыныгъэм хуэкIуэу

# 1↰ ЯгъэнэIуа пщэрылъхэм тету

**— УнагъуэрыкIыу къакIухьурэ хэхыныгъэ кампанэм хэлэжьыхьынухэр хэхакIуэхэм зэрахуеблагъэр икъукIэ я гуапэ мэхъу иужьрейхэм. Дапщэ хъурэ апхуэдэу къэзыкIухьхэр, унагъуэ дапщэ къакIухьагъэххэ?**

— «Информ УИК»-м ипкъ иту, унагъуэ-унагъуэкIэрэ къакIухьурэ, хэхыпIэхэм къемыкIуэлIэфынухэм гулъытэ хуащIу нэрыбгэ 58-рэ мэлажьэ. Къалэну абыхэм яхьыр мащIэкъым, унагъуэ 5883-рэ къызэхакIухьын хуейти, абы пэлъэщащ, унагъуэ 5727-м щыIахэщ. Тхьэ игъэпсэу хэхакIуэхэри, гуапэу къапежьэурэ зэдэлэжьащ.

**—Районым щылэжьэну УИК-хэр видеокIэлъыплъыныгъэ и лъэныкъуэкIэ дауэ къызэгъэпэща?**

— Хьэбэз районым УИК 15 щылэжьэнущ хэхыгъуэ махуищми. Абы щыщу участки 3-м КОИБ-хэр щIэтынущ: Жьакуэ — 235-нэ УИК-м, Малэ Зеленчук — 242-нэ участкэм, Инжыджышхуэ — 249-нэ хэхыпIэ участкэм.

ВидеокIэлъыплъыныгъэхэмкIэ къызэгъэпэщауэ щытынущ Али-Бэрдыкъуэ къуажэм щыIэну 236-нэ, 237-нэ УИК-хэр, Хьэбэз къуажэ еджапIэм щылэжьэну зи №239-нэ участкэр, ПсэукIэ-Дахэ — 246-нэ УИК-р, Беслъэней — 248-нэ хэхыпIэ участкэр.

А псоми лъэкIыныгъэ къыдитынущ хэхыныгъэхэр зэIухауэ, нэIурыту, хабзэм тету екIуэкIынымкIэ.

**— Iуэхум хэдгъэкI хъункъым жылагъуэ кIэлъыплъакIуэхэри...**

— Шэч хэлъкъым. Ахэри щIэтынущ УИК къэскIэ. Жылагъуэ кIэлъыплъакIуэхэр едгъэджащ, Iуэхум хацIыхукI, хуэхьэзырщ.

КъинэмыщIауэ, ди район УИК къэс щылэжьэнухэм иджыри къытедгъэзэжу дадэлэжьэнущ, щIэтплъыкIыжынущ, щIэдджыкIыжынущ.

**— Районым хэхакIуэ дапщэ иIэ?**

— 2024 гъэм щIышылэм и 1-м ехъулIэу Хьэбэз районым хэхакIуэ 18131-рэ иIэщ. Абыхэм яхьэлIауэ спискэ диIэщ. Ахэр УИК-хэм яттыжынурэ, иджыри зэ псори къапщытэжынущ, спискэкIэрэ кърехыурэ.

**— Бюллетенхэр сыт щыгъуэ, атIэ, ТИК-м къыщыIэрыхьэнур?**

— Гъатхэпэм и 6-м хэхыныгъэ бюллетенхэр ТИК-м къыIэрыхьэнущ. Гъатхэпэм и 13-м ахэр УИК-хэм яттынущ.

**— Хэхыныгъэхэр къабзэу, хабзэм тету екIуэкIынымкIэ Хьэбэз район ТИК-м зэфIэкIи щIэныгъи вбгъэдэлъщи, а псори фи лэжьыгъэм къыщывгъэсэбэпыну, фи Iуэхухэр бэIутIэIуншэу екIуэкIыну дывохъуэхъу!**

**Епсэлъар ТУАРШЫ Ирэщ**

ЩIэблэ ЗэпыщIэныгъэ

# Дахагъэмрэ щIыкIэфIагъэмрэ зыхэлъ

А хьэл-щэнхэр екIупсу дыболъагъу Краснодар крайм хыхьэ, Успен районым и Уарп къуажэм щыщ пщащэ цIыкIум. «Кубанские звездочки» зи фIэщыгъэцIэ, художественнэ гимнастикэмкIэ зэпеуэр телевизоркIэ къыщагъэлъагъуэм, мы цIыкIум гу лъыстащ икIи зыхуэзгъэзэну мурад сщIащ. СыщыгуфIыкIащ щхьэхуэу, гъусэ имыIэу зыкъэгъэлъэгъуэнымкIэ зэпеуэм япэ увыпIэр гимнасткэ ныбжьыщIэ, Щхьэщэхуж къуажэм щыщ ТIымхэ Маидэ къихьауэ щыжаIам.

Iуэхур зэзмыгъэтIылъэкIыу, пщащэ цIыкIум я деж секIуэлIащ. Хэгъэрейхэм гуапэу, хьэщIагъэ къызахыу срагъэблагъэри, Маидэ и пэшымкIэ сыщIашащ. СфIэгъэщIэгъуэну сеплъ медаль, щIыхь тхылъ, диплом, сурэт бжыгъэхэм икIи художестеннэ гимнастикэмкIэ музейм сыкъыщIэхута къысщыхъуащ. Нагъыщэхэр къызыхуагъэфэщар уэрдыхъур (обручыр) иIыгъыу дахэу зыкъэзыгъэлъэгъуа Маидэт.

— Си ныбжьыр илъэсищ ирикъуа къудейт, гимнасткэ сыхъуну сыщыщIэхъуэпс сыщыхъуам, — жеIэ щIэгуфIыкIыу си гупэмкIэ къыщыс пщащэ IэмащIэ-лъэмащIэ цIыкIум. - Апщыгъуэм Iэмал зэхуэмыдэхэм сыхуекIуэурэ, къудамэхэм зыкIэрысщIэурэ, жыгым сыдэпщейт. ТелевизоркIэ къат, гимнастикэкIэ нэтынхэм сеплъыну сфIэфIт. Псом хуэмыдэу, художественнэ гимнастикэмкIэ гъэсакIуэ Винер Иринэ и гъэсэнхэм я зыкъэгъэлъэгъуэныгъэхэм сакIэлъыплъыт. Егъэлеяуэ пщIэ зыхуэсщIхэщ зэшыпхъухэ Аверинхэ Аринэрэ Динэрэ.



Ахэри зыгъэсар Винер Иринэщ.

— Сабийр зыдихьэхыр щытлъагъум, си анэ Къанитэтрэ си анэшхуэ Кулъсумрэ я чэнджэщкIэ, унафэ тщIащ Маидэ сабий спорт еджапIэм еттыну, — къытхэпсэлъащ пщащэм и анэ Саидэ. — Ар къыщыхъуар 2019 гъэращ, ди хъыджэбз цIыкIур япэ классым щыкIуа гъэращ. А илъэсым Маидэ Армавир къалэм дэт сабий-ныбжьыщIэ спорт еджапIэм еттащ. Абы лъандэрэ илъэси 5 мэхъури, тхьэмахуэм плIэ спорт еджапIэм сошэ.

А зэманым кърриубыдэу, пщащэ цIыкIур Краснодар крайм щрагъэкIуэкI зэпеуэ зэхуэмыдэхэм хэтащ, увыпIэфIхэри къыщихьащ. Абы и щыхьэтщ къыхуагъэфэща щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр, дипломхэр.





Пщащэм игу къинэжащ сабий спорт еджапIэм къызэригъэпэща, пэшагъэр къэхьыныымкIэ «Тихорецкие огоньки», «Стремление к звездам», «Улыбка», «Маленькие звездочки» зэпеуэхэм зэрыхэтар.

— Маидэ и спорт гъащIэм щыщу дигу къинэжа зы Iуэхугъуэм и гугъу сщIынут, — ди зэпсэлъэныгъэм къыхохьэ Къанитэт. – 2022 гъэм августым ди къуажэ курыт еджапIэм сабий спорт утыку къыщызэIуахауэ щытащ. МахуэщIыр къызэзыгъэпэщахэм я лъэIукIэ, гуфIэгъуэ дауэдапщэм къыщыпсэлъащ ди Маидэ цIыкIу.

Дыздызэпсалъэм, хъыджэбз цIыкIум сурэт гъэщIэгъуэнхэр си пащхьэ кърелъхьэ. Абыхэм къагъэлъагъуэ Маидэ спортым къыдэкIуэу, нэгъуэщI Iуэхуи зэрилэжьыр. Армавир къалэм дэт сабий модель еджапIэм пщащэр кIуэн зэрыщIидзэрэ илъэс мэхъу. Сурэтхэм итщ сабий щыгъын зэхуэмыдэхэр къигъэлъагъуэу ар утыку зэритыр.

— Ди сабийм и спорт ехъулIэныгъэхэм гу къылъатэри, еджапIэм и унафэщIхэм зыкъытхуагъэзащ икIи лъэIуащ еджапIэм еттыну, — жиIащ Саидэ. – Абы кIуэн щIидзауэ, зэман куэд темыкIыу, «Непоседа» туханым и унафэщIхэм зыкъытпащIащ. Абыхэм я лъэIукIэ, Маидэ сабий щыгъынхэр игъэлъэгъуащ, абы папщIэ IуэхущIапIэм и унафэщI Магомедовым Маидэ кърритащ мастер-классым ехъулIэныгъэкIэ зэрыпхыкIам щыхьэт техъуэ сертификатыр.

— Модель еджапIэм илъэскIэ сыщеджауэ, сыкъыщIэкIыжын хуей хъуащ, сыту жыпIэмэ еджапIитIри, спортри схуэзэдэхьтэкъым, — жеIэ гимнасткэ ныбжьыщIэм. — Спорт еджапIэм иджыри илъэси 4-кIэ сыщеджэн хуейщ.

Анэр гушхуэу топсэлъыхь Маидэ курыт еджапIэми фIы дыдэу зэрыщеджэм. Абы пэщIэдзэ классхэр «тху» защIэкIэ къиухащ. Иджы етхуанэ классым хэсщ, предмет гуэрхэмкIэ «4» къыхыхьащи, пщащэ цIыкIум ахэр зэрихъуэкIыжыну и хъуэпсапIэщ. Маидэ хуэсакъыу зэрехьэ «Родные языки народов России» Урысейпсо акцэм зэрыхэтам папщIэ къыхуагъэфэща сертификатыр. Акцэр къызэрагъэпэщащ лъэпкъыбзэхэм я Дунейпсо Махуэм ехъулIэу, зыхуаунэтIар УФ-м щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэм загъэуужьынращ, хъумэнращ.

— Си пхъум и гъусэу спорт еджапIэм сыкIуэурэ, къызгурыIуащ фIыуэ плъагъу Iуэхум ехъулIэныгъэ зыщыIэрыбгъыхьэн папщIэ, махуэ къэс зыбгъэсэн зэрыхуейр, — жеIэ анэм.

Саидэ ищхьэ щIэныгъэ бгъэдэлъми, зыпэрыт лэжьыгъэр къигъэнащ и хъыджэбзым и Iуэху, и хъуэпсапIэ иригъэгъуэтын папщIэ.

— Уи ныбжьыр илъэс 15-м нэсыхущ мы спорт лIэужьыгъуэмкIэ зэрызыбгъэсэнур. АдэкIэ - щэ? – гимнасткэ ныбжьыщIэм зыхузогъазэ.

— АдэкIэ иджыри зы хъуэпсапIэ сиIэщ – сабий дохутыр сыхъуну сыхуейщ. Абы сыхуеджэнущ, — мыгупсысэу жэуап къет пщащэм.

— Гимнастикэр щэ? — соупщI.

— Гимнастикэм хузиIэ лъагъуныгъэр зэи кIуэдынукъым. Мы спорт лIэужьыгъуэм ныбжь гуэрым унэсыхущ узэрыхэтыфыр. АдэкIэ уи гъащIэр зэрыхъуным уегупсысын хуейщ, — и мурадхэмкIэ къыддогуашэ Маидэ.

СогъэщIагъуэ пщащэ цIыкIур и къэкIуэнум губзыгъэу зэрегупсысыр. Спортсмен цIыкIур иджыкIэ зыщIэхъуэпсыр Краснодар крайм и чемпион хъунращ икIи ди фIэщ мэхъу а лъагапIэм зэрынэсынур. НобэкIэ Маидэ художественнэ гимнастикэмкIэ япэ разряд иIэщ.

— Сабий дохутыр IэщIагъэм ухуеджэну щхьэ гукъэкI пщIа? – соупщI.

— Сабий сымаджэхэр телевизорымкIэ къыщагъэлъагъуэкIэ, си гум щIохьэ. Апхуэдэхэм садэIэпыкъуну сыхуейщ. Аращ а IэщIагъэм сыхуеджэну щIытезубыдар. Псом хуэмыдэу сронэщхъей дэIэпыкъуныгъэ щIэлъэIуу анэхэм цIыхухэм зыщыхуагъазэкIэ, — жеIэ Маидэ.

Тхьэм уи мурад гуапэр, псапэ зыпылъыр къыбдигъэхъу, си пщащэ цIыкIу!

**ДЫЩЭКI Тамарэ,**
**КъЧР-м щIыхь зиIэ и журналист,**
**Урупскэ къуажэ**

Егъэджэныгъэ-щIэныгъэ Фэеплъ



# И гъащIэм зыхуэпэжа IэщIагъэм

**«Сыбиолог къызэрыгуэкIщ. Си гъащIэм и кIэухым нэс сабийхэм щIэныгъэ ябгъэдэслъхьэным сыхущIэкъунущ» — мы гупсысэм тету лэжьащ икIи псэуащ Малый Зеленчук къуажэм къыщыхъуа, педагогическэ гуащIэдэкIым и ветеран, КъЧР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ ЛЪХУКЪУЭЩАУЭ Зэлэхьи Ибрэхьим и къуэр.**

ЕгъэджакIуэ нэсым и фэеплъыр зыгъэщыпкъэ Iуэхугъуэ дахэ щызэхашащ къуажэ еджапIэм — илъэс щэ никъуэм нэс Зэлэхьи здыщылэжьам. ЕджапIэм хэт, биологиемкIэ пэшым егъэджакIуэфIым и цIэр фIащыжащ.

Мы Iуэхугъуэм хэтащ Хьэбэз район администрацэм егъэджэныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщI Сидакъ Жаннэ, къуажэдэс нэхъыжьыфIхэр, Зэлэхьи къыдэлэжьахэр, иригъэджахэр, и Iыхьлыхэр.

ЕджапIэм щIэблэм щIэныгъэ ябгъэдэлъхьэным зи гуащIэшхуэ щызыгъэтIылъа егъэджакIуэ емышыжым и фэеплъыр зэи гулъытэншэ ящIакъым. АтIэ, нэхъыжьыфIым теухуа стенд бжыгъэ блыным кIэрылъщ. Абдежым къыщыгъэлъэгъуащ Зэлэхьи теухуауэ илъэс зэхуэмыдэхэм газетхэм къытехуа тхыгъэхэр, сурэтхэр, езым и гъащIэм и къекIуэкIыкIар. Блыным зи теплъэр пылъ Зэлэхьи зыдэлэжьа егъэджакIуэ гупыр ноби и нэIэм щIигъэтым ещхьу къахоплъэ.

Лъхукъуэщауэ Зэлэхьи бгъэдэлъа IэпщIэлъапщIагъымкIэ район псом и егъэджэныгъэ къудамэм и пщIэр хуабжьу къиIэтащ. Абы илъэс 47-рэ хуигъэтIылъащ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэм, абы щыщу илъэс 23-м къызэгъэпэщакIуэуи, еджапIэ унафэщIу щытынри, завуч пщэрылъыр игъэзэщIэни къыхуихуащ.

Зэлэхьи щIэныгъэ зыбгъэдилъхьа еджакIуэ куэд езым и лъэужьым ирикIуащ. Абыхэм яхэтщ биологиемкIэ егъэджакIуэхэр, мэкъумэш IэщIагъэр къыхэзыхахэр, щIэныгъэхэмкIэ докторыцIэр къэзылъэщахэр.

Нобэрей Iуэхугъуэри и щыхьэтщ егъэджэныгъэ, гъэсэныгъэ Iуэхум щыпэрыту къекIуэкIа Зэлэхьи и лъэужьыр зэрамыгъэкIуэдым.

Мы зэIущIэм хэта, Зэлэхьи иригъэджахэм ящыщ, министр IэнатIэ лъагэм пэрыта ЩакIуэ Руслан къытепсэлъыхьащ къуажэм къыдэкIахэм я щIэныгъэ зыужьыныгъэм Зэлэхьи хуищIа хэлъхьэныгъэм:



— Зэлэхьи и фэеплъыр тхъумэрэкIэ, дигу къыдогъэкIыж псэемыблэжу егъэджэныгъэ Iуэхум хуэлэжьа ди егъэджакIуэ нэхъыжьыфIхэр. Абыхэм ди къуажэ сабийхэм щIэныгъэ бгъэдалъхьэным, лъабжьэ ятыным гуащIэшхуэ хуагъэтIылъащ.

Нобэрей Iуэхугъуэр щIэблэмкIи щапхъэщ, егъэджакIуэ ныбжьыщIэхэмкIэ гъэсэныгъэ IэмалыфIщ, — къыхигъэщащ абы.

Къеблэгъахэм ягу къагъэкIыжащ Зэлэхьи бгъэдэлъа творческэ зэчийр, художественнэ хъэтIыр, егъэджэныгъэ методикэм хуиIэу щыта бгъэдыхьэкIэ къызэрымыкIуэр.

ЕджапIэм и унафэщI Уэхъутэ Ленэ и къэпсэлъэныгъэм къыщыхигъэщащ икIи фIыщIэ яхуищIащ зэIущIэм къеблэгъахэм, жиIащ егъэджакIуэ нэхъыжьыфIым и фэеплъыр адэкIи яхъумэу, абы хуэфэщэн, биологие щIэныгъэр лъагъуэ зыхуэхъуну щIэблэ ягъэсэным зэрыхущIэкъунур.

— Дызыгъэгушхуэщ, щIэныгъэм, егъэджэныгъэм зи псэр хуэпабгъэ, узыфIэмыкIыжын щIэблэ гъэса Зэлэхьи къызэрыщIэхъуар. Си насып къиихьащ абы и бынхэм къащIэхъуахэр езгъэджэну. ИкIи къыхэслъытэну сыхуейт абыхэм ящыщ дэтхэнэми гъэсэныгъэ хуабжь зэрабгъэдэлъыр, зэрызэчиифIэхэр. А псоми, шэчыншэу, и фIыщIэшхуэ хэлъщ Зэлэхьии. Ар плъытэ хъунущ насыпышхуэу, — къыщIигъужащ унафэщIым.

Лъхукъуэщауэхэ къабгъэдэкIахэм, Зэлэхьи иригъэджахэм къуажэ еджапIэм и унафэщIми, лэжьакIуэ гупми фIыщIэ хуащIащ Iуэху щхьэпэр къазэрыбгъэдэкIамкIэ.

Зэлэхьи и цIэр зыфIаща пэшыр къызэIухыныр хуагъэфэщащ Сидакъ Жаннэрэ е 5-нэ классым щеджэ Братхэ Лейларэ.

Иужьым, Iуэхугъуэм къекIуэлIахэр ирагъэблэгъащ Лъхукъуэщауэ Зэлэхьи и цIэр зезыхьэ биологиемкIэ пэш хуитышхуэм. Мыбдежым еджакIуэ цIыкIухэм къагъэлъэгъуащ биологие дерсым зэрыдихьэхыр, ар кууу ядж ыну къыщIыхахыр, микроскопым и лэжьэкIэр, тонометрыр зэрагъэIэрыхуэр наIуэ къащIащ.

ГурыIуэгъуэщ. Нобэ Зэлэхьи зыгъэлъапIэ, и фэеплъыр зыхъумэ щIэблэм а нэхъыжьыфIым IущIэну, абы и дерс щIэщыгъуэхэм хэплъэну я насып къихьакъым. ИтIани, мы Iуэхугъуэм хэта сабийхэр а цIыху гуащIафIэм и гъащIэм зэрыщыгъуазэр, абы и цIэр ящIэу къызэрыдэкIуэтейр куэд и уасэщ.

Зи гуащIэр лъэрыхьу лэжьа, цIыхугъэр къызэбэкIыу жылагъуэм хэта Лъхукъуэщауэ Зэлэхьи и Iуэхум адэкIи пызыщэн щIэблэ къызэрыкIэлъыкIуэм и нэщэнэщ мы Iуэхугъуэ дахэр. Тхьэм гъащIэ къарит ар къызэзыгъэпэщахэм, гукъэкI зыщIахэм.

**АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ**

Дин



**Къэрэшей-Черкес Республикэм и ДУМ-м (Духовное Управление мусульман) и Президиумым и тхьэмадэ БЕРДИЕВ хьэжы Исмэхьил и Iэпэр зыщIэдза, мыхъуркIэ щIэгъэбыда дэфтэрыр и лъабжьэу, мы гъэм нэщI мазэм ехьэлIа щытыкIэхэм фыщыдогъэгъуазэ**

Времена намазов, имсака и ифтара на месяц РАМАДАН для КЧР (1445г.х. – 2024г.)

| Рамадан | Март-Апрель 2024 г. | Конец сухура. Утренняя молитва | Полуденная молитва | Послеполуденная молитва | Предвечерняя молитва.Ифтар. | Ночная молитва |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 РАМАДАН | 11 марта | 05:06 | 12:40 | 16:05 | 18:27 | 19:57 |
| 2 РАМАДАН | 12 марта | 05:05 | 12:40 | 16:06 | 18:28 | 19:58 |
| 3 РАМАДАН | 13 марта | 05:03 | 12:40 | 16:07 | 18:29 | 19:59 |
| 4 РАМАДАН | 14 марта | 04:59 | 12:40 | 16:07 | 18:31 | 20:01 |
| 5 РАМАДАН | 15 марта | 04:55 | 12:40 | 16:08 | 18:32 | 20:02 |
| 6 РАМАДАН | 16 марта | 04:53 | 12:40 | 16:08 | 18:33 | 20:03 |
| 7 РАМАДАН | 17 марта | 04:51 | 12:40 | 16:09 | 18:34 | 20:04 |
| 8 РАМАДАН | 18 марта | 04:50 | 12:40 | 16:09 | 18:36 | 20:06 |
| 9 РАМАДАН | 19 марта | 04:49 | 12:40 | 16:10 | 18:37 | 20:07 |
| 10 РАМАДАН | 20 марта | 04:47 | 12:40 | 16:10 | 18:38 | 20:08 |
| 11 РАМАДАН | 21 марта | 04:45 | 12:40 | 16:11 | 18:39 | 20:09 |
| 12 РАМАДАН | 22 марта | 04:42 | 12:40 | 16:13 | 18:41 | 20:11 |
| 13 РАМАДАН | 23 марта | 04:40 | 12:40 | 16:15 | 18:42 | 20:12 |
| 14 РАМАДАН | 24 марта | 04:39 | 12:40 | 16:17 | 18:43 | 20:13 |
| 15 РАМАДАН | 25 марта | 04:38 | 12:40 | 16:19 | 18:44 | 20:14 |
| 16 РАМАДАН | 26 марта | 04:38 | 12:40 | 16:20 | 18:46 | 20:16 |
| 17 РАМАДАН | 27 марта | 04:37 | 12:40 | 16:21 | 18:47 | 20:17 |
| 18 РАМАДАН | 28 марта | 04:37 | 12:40 | 16:21 | 18:49 | 20:19 |
| 19 РАМАДАН | 29 марта | 04:37 | 12:40 | 16:22 | 18:50 | 20:20 |
| 20 РАМАДАН | 30 марта | 04:36 | 12:40 | 16:25 | 18:51 | 20:21 |
| **Ищите ночь «Аль-Къадр» в нечетных числах последних десяти дней РАМАДАНА** | | | | | | |
| 21 РАМАДАН | 31 марта | 04:36 | 12:40 | 16:27 | 18:52 | 20:22 |
| 22 РАМАДАН | 1 апреля | 04:35 | 12:40 | 16:30 | 18:53 | 20:23 |
| 23 РАМАДАН | 2 апреля | 04:33 | 12:40 | 16:30 | 18:54 | 20:24 |
| 24 РАМАДАН | 3 апреля | 04:30 | 12:40 | 16:30 | 18:55 | 20:25 |
| 25 РАМАДАН | 4 апреля | 04:29 | 12:40 | 16:32 | 18:57 | 20:27 |
| 26 РАМАДАН | 5 апреля | 04:28 | 12:40 | 16:32 | 18:58 | 20:28 |
| 27 РАМАДАН | 6 апреля | 04:25 | 12:40 | 16:33 | 18:59 | 20:29 |
| 28 РАМАДАН | 7 апреля | 04:20 | 12:40 | 16:35 | 19:00 | 20:30 |
| 29 РАМАДАН | 8 апреля | 04:19 | 12:40 | 16:36 | 19:02 | 20:32 |
| 30 РАМАДАН | 9 апреля | 04:17 | 12:40 | 16:37 | 19:03 | 20:33 |

Гъатхэпэм (мартым) и 11-м нэщI мазэм щIедзэ.

Мэлыжьыхьым (апрелым) и 9-м нэщI мазэр еух.

Мэлыжьыхьым и 10-р — Хьид Махуэщ.

Жумэ нэмэзыр мэлыжьыхьым и 10-м, сыхьэтыр 8-м щIидзэнущ.

Мы гъэм дэтхэнэ муслъымэнми фитр сом 200 итын хуейщ.

Фидьяуэ сом 250-рэ итынущ мылъку зиIэ, ауэ щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэм къыхэкIыу нэщI зымыIыгъыфам икIи ар зэрымынэщIа махуэ къэс и пэбжу щытыпхъэщ фидьяр. КъурIэным щыжыIащ: «Мыхъужын уз къызэузу е и жьыгъэм къыхэкIыу нэщI зымыIыгъыфхэм благъэкIа нэщI махуэхэр япшыныжыфынущ тхьэмыщкIэ ягъашхэмэ (2/184).

ТIэрэуихь, Iэбу Хьэнифэ и мэсхьэбым теткIэрэ — Къэрэшей-Черкес Республикэм ит мэжджыт къэскIэ рэчыхьэт 20 щызэфIагъэкIын хуейщ.

Щэууал мазэм махуи 6-кIэ ухэнэщIыхьыну фIыщ.

**БЕРДИЕВ хьэжы Исмэхьил, КъЧР-м и ДУМ-м и Президиумым и тхьэмадэ**

Театр

# «Дыгъужь кIапсэ»-м кърикIуэу

**ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым лэжьыгъэщIэ утыку къыщрихьэкIэ, адыгэбзэр фIыуэ зылъагъу, а IуэхущIапIэм и гуащIэм дихьэх дэтхэнэри щогуфIыкI. Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист, театрым и режиссёр нэхъыщхьэ Шыбзыхъуэ Басир игъэуваауэ мазаем и 29, гъатхэпэм и 1 пщыхьэщхьэхэм ягъэлъэгъуар КъЧР-м щIыхь зиIэ и журналист, усакIуэ цIэрыIуэ Бемырзэ Зураб и «Дыгъужь кIапсэ» пьесэм къытращIыкIа спектаклщ...**

Анэдэлъхубзэр зи щIасэхэм ямызакъуэу нэгъуэщI лъэпкъхэм къыхэкIахэми (тхьэкIумэIулъхьэхэмкIэ уедаIуэ хъууэ, спектаклыр здекIуэкIым ар урысыбзэкIэ зэрадзэкI) зыкъ-рагъэхьэлIат премьерэм. Пэшым ущIэзышэ уэзджынэм щIыгъуу цIыхухэм я тIысыпIэхэр зрагъэгъуэтри, и зэманым спектаклым щIидзащ. Абы хэтщ Къардэн Заур (Мурат и ролыр егъэзащIэ), Жанатаевэ Марьям (Мурат и щхьэгъусэ Iэмалэ), КъБР-мрэ Ингуш Республикэмрэ щIыхь зиIэ я артист Хьэщэ Къанщобий (Iэмалэ и адэ Мэзан), КъБР-м и цIыхубэ, Адыгейм щIыхь зиIэ я артисткэ Шыбзыхъуэ Барисэт (Iэмалэ и анэ Хьэбылэ), Шыдгын Тимур (Мэзанрэ Хьэбылэрэ я къуэ Iумал), КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Тэмазэ Лиуан (Мэзан и ныбжьэгъу УэIил. Мы ролыр зэблэкIыу Лиуанрэ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Лу Рэмэзанрэ ягъэзэщIэнущ), Токъу Ибрэхьим (щIалэ цIыкIур).

Спектаклым къыщыIэтар ди зэманым куэду узыщрихьэлIэ Iуэхущ, щхьэусыгъуэ мыхьэнэншэ дыдэ щхьэкIэ зэщхьэгъусэхэр зэбгъэдэкIыж зэрыхъуарщ, абыхэм зэдагъуэта бынхэр бэлыхь зэрыхадзэрщ, адэ-анэм яку къыдэхъуэ зэгурымыIуэм, игъащIэкIэ къыдэмыжыжын жыхуаIэм хуэдэу, я сабиипсэр зэрызэщигъэурщ.

«Пьесэр — ди нобэрей гъащIэрщ. Абы лъабжьэ хуэхъуа Iуэхугъуэ гугъур унагъуэ куэдым жьэхэуащ. Жыгым и дежкIэ нэхъыщхьэр, ар зыгъашхэр лъабжьэр арамэ, цIыхум и щIэдзапIэр унагъуэрщ. Унагъуэм къыщежьэ дэтхэнэ Iуэху къыинри, зэман дэкIа иужь, лъэпкъ псом ей мэхъу. Апхуэдэ дыдэщ хабзэу унагъуэм илъхэри – зэман-зэманкIэрэ ар цIыхубэм мардэ хуохъу. Аращи, нэхъыжьхэм я ныбжьымрэ абыхэм дызыщIапIыкIа хабзэхэмрэ пщIэ хуэзыщI щIэблэ узыншэ дыхуеймэ, а псор ди унагъуэхэм я деж къыщедгъэжьапхъэщ...» — жеIэ Бемырзэ Зураб, и IэдакъэщIэкIым и купщIэм и гугъу щищIкIэ.

Къэбгъэлъагъуэмэ, спектаклым къыхэбгъуэтынущ гушыIэ щаби, ауан мащIи, фIылъагъуныгъи, пщIэ-нэмыси, узыгъэдыхьэшхи, уи нэпс къезыгъакIуи. Муратрэ Iумалрэ я зэхуаку къыдэхъуэ зауэ-банэ мащIэм цIыхухэр егъэдыхьэшх, Мэзанрэ УэIилрэ я зэныбжьэгъугъэм уегъэгушхуэ, гуапагъэрэ гулъытэрэ я зэхуаку зэрыдэмылъыжыр щхьэусыгъуэ яхуэхъуу зэбгъэдэкIыжа Муратрэ Iэмалэрэ узыщIагъэгупсысыж, я сабийм и хьэтыркIэ зы защIыжыну мурад зэращIам щхьэкIи уогуфIэ, нэхъыжь и псалъэ щыпхыкI унагъуэ дахэ цIыкIууи уIуоплъэ Мэзан зи тхьэмадэ жьэгу пащхьэм.

Зи унагъуэр зыфIэкIуэда, зи щхьэм пщIэ хуэзыщIыж цIыхухъум и гупсысэкIэ езы Мурат и псалъэхэм нэхърэ нэхъыфIу зыми къыбжиIэфынкъым, абы зызригъапщэри гъэщIэгъуэнщ. И сабий гукъэкIыжщ хуемыгъэхыу икIи хузыщымыгъэгъупщэу абы къыдэгъуэгурыкIуар, и щхьэгъусэм ирипсэлъылIэр. «СыцIыкIут. Ди хьэблэлIхэр щакIуэ дэкIщ, къэпхъэным бгъэдахуэри, дыгъужь къаубыдауэ щытащ. ЯмыукIыу къыдашат къуажэм. Дыгъужьыр кIапсэкIэ ирапхауэ жыгым бгъэдэтт. Дэри, пщIэрэ, псори дыбгъэдэлъэдауэ деплъырт, хьэблэ сабийхэр мывэкIэ еуэрт, зэрыгъэкIийт, зэрызехьэрт. Ауэ сэ дыгъужьым и нэм сыщIэплъэу сыщытт. И нэм... Щхьэхуиту зи гъащIэр зыхьа псэущхьэм кIапсэм и мыхьэнэр къыгурыIуэртэкъым. ЗэрыхузэфIэкIкIэ ишэщIауэ, и лъакъуэхэмкIэ щIыр кърихтхъуу еIэурэ зитхьэлэжырт. И пщэм иращIа кIапсэр нэхъ лалэ ищIмэ, жьы нэхъ зэригъуэтынур е къыгурымыIуэрэт, е къыгурыIуэну хуэмейрэт... Къаруи псэи къыхуэмынэжауэ еIэрт! И къурмакъейр щиубыдыкIарэ тхъурымбэр къыIурытIэтIу еIэрт!.. Зы дакъикъэ гуэрым дыгъужьым и нэр къыстехуэри къызэплъащ... Е-е-е-е-й... Ар, пщIэрэ... Хьэуэ, дыгъужьым къыгурыIуэрт кIапсэр нэхъ къигъэлалэмэ, зэримытхьэлэнур. КIапсэм емыIэмэ, и пщэри хуит хъужу жьы зэришэфынур. КъыгурыIуэрт, ауэ хуейтэкъым. КIапсэр лалэ ищIмэ – къызэрытекIуамкIэ зиумысыжын хуейт, и щхьэхуитыныгъэмрэ лIыгъэмрэ ищэу жьы Iубыгъуэ къызэрищэхумкIэ зиумысыжын хуейт! Жьы Iубыгъуэ! ЛIэмэ нэхъ къищтэнут абы нэхърэ! И лIыгъэншагъэкIэ кIапсэм зыкъыхуиумыс нэхърэ. Сэри нобэ сыдыгъужьщ, Iэмалэ. А щIалэ цIыкIум кIэтIий кIапсэкIэ сепхащ. Уэлей сыдыгъужьмэ. СытекIуэдэнуми си пщэм илъ кIапсэм си лIыгъэншагъэ езгъэлъагъунукъым. Къысхуэгъэгъу, езгъэлъагъуфынукъым. Сыту жыпIэмэ, итIанэ си щхьэм пщIэ хуэсщIыжынукъым. Е си лIыгъэм сытетыжын хуейщ, е си тэмакъыщIэ сытеувэу, цIыхухъуу сызэрыщытар сигу къэзгъэкIыжу, си къуэр хамэ цIыхухъум зэрипIым сыхукъуэплъу си гъащIэр нэсхьэсын хуейщ».











Дыгъужьым и образыр наIуэу уи нэгу къыщIегъэувэ спектаклым, икIи ар лэжьыгъэм и кIыхьагъкIэ щыпхышащ. Муратрэ Iумалрэ щызэпщэфыIэ Iыхьэу спектаклым къыщыхьами щыдолъагъу Мэзанрэ УэIилрэ къаубыда дыгъужьыр иукIыну жиIэу зэриутIыпщыжыр. ФIэпсэкIуэд хъуащ! Абы наIуэ ещI Мурат зэрыпсэ къабзэр, гущIэгъу зэрыхэлъыр, и IуэхущIафэхэми и псалъэми цIыхухъу къару зэрыхэплъагъуэр.

ЦIыхупсэмрэ дыгъужьыпсэмрэ зэрызэIыхьлыр, хэкIыпIэншэм и гур дыгъужьыгу зэрыхъур къыджезыIэ зы монолог хэтщ иджыри пьесэм. Ар Мурат и закъуэу къэна иужь и щхьэм щызэригъэзахуэ гупсысэ шэщIаращ. «Гур – дыгъужьщ. Мы дунейм тетакъым, теткъым икIи тетынукъым абы нэхъ къыпхуэпэжи, нэхъ къыпщымысхьи... Дыгъужь анэу, зыри къыпхэмынэжу яфыщIыху, къыпщхьэщыжынущ... Ауэ ар уигу дыгъужьым гулъытэ хуэпщIыхущ, уи щхьэ и фэеплъу убгъэдэтыхущ, уи Iэм ибгъэшхыкIыхущ. Нэмыплъ епту, щумыгъэшха махуэм гур къыпхуеплъэкIынущ. ИтIанэ уи дзажэхэм щэхуу къетхъунщIэуэнущ, пщыгъупщамэ – зыкъыуигъэщIэжу... Си гур дыгъужьщ нобэ. Сэ абы сыкъыдалъхуауэ, сритIолъхуэныкъуэщ. Гулъытэм дегъашхэ, нэмыплъыр дошхыж».

Гулъытэ щхьэхуэ хуэщIыпхъэщ спектаклым и теплъэм и къызэгъэпэщыкIэм, абы щIэлъ макъамэм, нэхур утыкум къызыхуэтыншэу зэрытридзэм, нэгъуэщIхэми. Ар спектаклым и IуплъапIэр зи гукъэкI-зи IэрыкI, Адыгэ Республикэм и цIыхубэ сурэтыщI Сихъу Рэмэзан и щIыб къыдэт IэщIагъэлI нэсхэм я лэжьыгъэщ.

Спекталым щиухым, утыкум къихьащ Шыбзыхъуэ Басиррэ Бемырзэ Зурабрэ. Артистхэм фIэхъус ирахри, пшыхьым кърихьэлIахэм зыхуагъэзащ.

— Мы пьесэр ауэ сытми къыхэтхакъым, — жиIащ Басир. — ЛъэпкъыбзэкIэ тхэ щIагъуэ зэрыщымыIэжыр, театрхэм ягъэувын зэрамыгъуэтыжыр псоми дощIэ. Ар и щхьэусыгъуэу, нобэрей зэманым езэгъ, адыгэбзэкIэ тха лэжьыгъэ нэхъыфI къыхэхыным хуэгъэза зэхьэзэхуэ едгъэкIуэкIыну мурад тщIати, IутIыж Борис и фондым ар къыддиIыгъащ. Зураб деж сыпсалъэри, селъэIуащ зы пьесэ итхыну, зыгъэгузавэ Iуэху и лъабжьэу. Флъэгъуар къищIыкIащ Зураб и гупсысэм икIи абы етIуанэ увыпIэр хуэдгъэфэщащ. Япэу ди утыкум къитхьэу аращ Зураб и IэдакъэщIэкIи, иужь мыхъуну, дяпэкIи дызэдэлэжьэну си гуапэщ. Зэхьэзэхуэм и япэ увыпIэр зылъысар Къаныкъуэ Заринэщ, ещанэ хъуащ Аброкъуэхэ Беллэрэ Аслъэнрэ я IэдакъэщIэкIхэр.

Зураб фIыщIэ яхуищIащ спектаклыр зыгъэувахэм, абы щыджэгуахэм, абы зыкърезыгъэхьэлIахэм.

— Фи театрым и цIэр инщ, и зэчийр нэхъ иныжщи, дяпэкIи фыузыншэу, фи IэщIагъэм и хъер флъагъуу, нобэ утыкум щывгъэлъэгъуам и фIагъ къывэкIыу тхьэм фигъэпсэу! Театрыр нобэ лъэпкъ щэнхабзэм и шэпэIудзщ, адыгэбзэм и хъумакIуэщ, адыгэ газетым иужькIэ мыращ анэдэлъхубзэр зыхъумэу дунейм тетри, куэдрэ фыщыIэну, фылэжьэну си гуапэщ».

Зыхуей хуэзэу гъуэгу зыгъуэта дэтхэнэ зы IуэхуфIми «гъуэгу махуэ» жепIэну къелэжьри, фIырэ гуфIэгъуэкIэ спектаклыр театрым бэрэ щагъэлъэгъуэн ухъу. Гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ дгъуэтауэ дызэбгрыкIыжащи, куэдкIэ дызыщыгугъ IуэхущIапIэр фIыгъуэ кIуапIэу щытыну ди гуапэщ.

Си тхыгъэр сыухыну сыхуейщ Бемырзэ Зураб и псалъэхэмкIэ. Спектаклыр къызэрыщыхъуар сфIэгъэщIэгъуэну сыкIэлъыпсэлъати, мыращ къызжиIар: «Лъэпкъ щэнхабзэм и цIыхушхуэ IутIыж Борис и фэеплъу драматург зэхьэзэхуэ къызэзыгъэпэща абы и унагъуэми ар езыгъэкIуэкIахэми фIыщIэ яхузощI! СэркIэ лъапIэщ ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ театрым си IэдакъэщIэкIыр утыку къызэрырихьар. ЗэрыжысIащи, я цIэм нэхърэ нэхъ иныжщ я зэчийр! Тхьэр арэзы къахухъу дэтхэнэми, режиссёр Шыбзыхъуэ Басир я пашэу. Уигу дэмыхьэнкIэ Iэмал иIэкъым режиссёр цIэрыIуэмрэ актёр зэчиифIэхэмрэ ягъэлъэгъуа спектаклыр. Си гуапэщ апхуэдэ щэнхабзэ лъэбакъуэкIэ Адыгэ Хэкум и Къэбэрдей щIыналъэм япэу сызэрихьар. Псоми тхуэмахуэн Тхьэм ищI!

**ИСТЭПАН Залинэ, «Адыгэ псалъэ»**

